# Нобэ Хэкум и хъумакIуэм и махуэщ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№33-34 (23.442) ● 2017 гъэм мазаем (февралым) и 23, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр сом 15-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Дыгъуасэ



## Шынагъуэншагъэр япэ ирагъэщ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий терроризмэм пэщIэтынымкIэ республикэ комиссэмрэ КъБР-м и Оперативнэ штабымрэ я зэIущIэ дыгъуасэ Правительствэм и Унэм щригъэкIуэкIащ. Абы къыщапщытащ республикэм щагъэлъэпIэну махуэшхуэхэм (мазаем и 23-р, гъатхэпэм и 8-р) шынагъуэншагъэ и лъэныкъуэкIэ зэрыхуэхьэзырыр.**

ЗЭIУЩIЭР къыщызэIуихым, КIуэкIуэм къыхигъэщащ терроризмэм пэщIэтынымкIэ республикэм лэжьыгъэшхуэ зэрыщекIуэкIыр, ауэ шынагъуэ гуэрхэр иджыри зэрыщыIэр.

Хэкум и хъумакIуэм, Гъатхэпэм и 8-м шынагъуэ къэмыхъун папщIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм, цIыхухэм бэIутIэIуншэу я нэгу зрагъэужьын щхьэкIэ ящIэм тепсэлъыхьащ КъБР-м и УФСБ-м и унафэщI **Усов Олег**, КъБР-м къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Мамхэгъ Назир**, МЧС-м КъБР-м щиIэ къудамэм и унафэщIым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ **Борисов Вячеслав**, КъБР-м и прокурор **Жариков Олег**, КъБР-м щыIэ УФСИН-м и унафэщI **Мэржэхъу Мухьэмэд** сымэ.

ЗэIущIэм хэтащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэм и Аппаратым КъБР-мкIэ и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Канунников В. А.

**ФЫРЭ Анфисэ.**

Чеченов Хъу. Дж. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденыр етыным и Iуэхук**Iэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм езым и щхьэкIэ къаруушхуэ зэрырихьэлIам икIи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэ-лу зэрылажьэм къыхэкIыу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденыр етын **Чеченов Хъусейн ДжэбрэIил и къуэм**.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2017 гъэм мазаем и 22-м*
*№25-УГ*

## КIуэкIуэ Юрий Iэ щIидзащ Чеченов Хъусейн «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденыр етыным теухуа Указым

**КIуэкIуэ Юрий дыгъуасэ Iэ щIидзащ КъБР-м и социально-экономикэ зыужьыныгъэм езым и щхьэкIэ къаруушхуэ зэрырихьэлIам икIи илъэс куэд лъандэрэ зэрылажьэм къыхэкIыу къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ Чеченов Хъусейн «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденыр етыным и Iуэхук**Iэ Указым**.**



ЧЕЧЕНОВ Хъусейн ДжэбрэIил и къуэр КъБАССР-м щыщ Iуащхьэмахуэ районым хыхьэ Гундэлэн къуажэм 1942 гъэм къыщалъхуащ. Серго Орджоникидзе и цIэр зэрихьэу авиацэмкIэ Москва дэт институтыр инженер-механик IэщIагъэмкIэ къиухащ.

Абы Лихачёвым и цIэр зэрихьэу Москва дэт автозаводым лэжьэн щыщIидзащ, Налшык и гидрометзаводым слесару щыIащ, егъэджакIуэу щытащ. 1997 гъэм нэсыху Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ КъБКъУ-м щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и проректору лэжьащ.

1997 - 2004 гъэхэм КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIщ. 2004 гъэм щегъэжьауэ КъБР-м къыбгъэдэкIыу УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым хэтащ. 2008 гъэ лъандэрэ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и комитетым и унафэщIщ.

Техникэ щIэныгъэхэм я докторщ, профессорщ. УФ-м и Правительствэм и саугъэтыр къратащ, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ. Аращ къызэIузыхар Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым «Машинэхэм я конструкцэхэр щIыънымкIэ лъабжьэхэр» кафедрэр.



## КъБР-м и Премьер-министр Мусуков Алий епсэлъащ Азербайджаным щыщ инжиринг компанием и лIыкIуэ Маммадли Фахраддин

**КъБР-м и Премьер-министр Мусуков Алий Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щыхуэзащ Азербайджаным щыщ инжиринг компаниехэм ящыщ зым и лIыкIуэ Маммадли Фахраддин.**

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ концессие зэгурыIуэныгъэхэр и лъабжьэу республикэм и къалащхьэм и псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм зегъэужьынымкIэ Налшык къалэр псыкIэ къызэрызэрагъэпэщ системэр къэгъэщIэрэщIэжынымкIэ лъэныкъуитIыр зэрызэдэлэжьэну щIыкIэм.

Гулъытэ хэха хуащIащ псы зрикIуэ бжьамийхэм ящыщу жьы дыдэ хъуахэр зэхъуэкIынымкIэ, иджырей технологиехэр а IэнатIэм къыщыгъэсэбэпынымкIэ, цIыхухэм хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэр егъэфIэкIуэнымкIэ лэжьын хуейхэм.

ЛъэныкъуитIми къыхагъэщащ инвестицэ проект щхьэхуэхэр, IэнатIэм хиубыдэ программэ зэмылIэужьыгъуэхэр гъэзэщIэным къриубыдэу зэдэлэжьэныр сэбэпынагъ пылъу зэрызэтрагъэувэфынур.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

## Хэкум и хъумакIуэм и махуэм ирихьэлIэу КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А. и хъуэхъу

Дзэм къулыкъу щызыщIэхэм, ди ветеран лъапIэхэм Хэкум и хъумакIуэм и махуэмкIэ си гуапэу сохъуэхъу.

Урысей дзэм и лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ я жьы зыщIихуа а махуэшхуэм урысей цIыхухэм я щIэблэ псори зэкъуегъэувэ. А махуэм дэ догъэлъапIэ къэралым и сэбэп зыхэлъхэр, цIыхухэм я мамыр гъащIэр, Хэкум и шынагъуэншагъэр зыхъумэхэр. ФIыщIэрэ пщIэ инрэ яхуэтщIу дэ захудогъазэ фронтым Iута ветеранхэм - зауэм и бэлыхь псори зыгъэунэхуахэм икIи хэкум и пащхьэ щата псалъэмрэ сэлэт къалэнымрэ нэсу зыгъэпэжахэм.

Хэкум и хъумакIуэхэм я хабзэ лъапIэхэм щIыхьрэ пщIэрэ хэлъу адэкIи пащэ Урысейм и иджырей зауэлIхэм.

Дзэм къулыкъу щызыщIэхэм, Хэку зауэшхуэмрэ IэщэкIэ ЗэщIэузэда Къарухэмрэ я ветеранхэм си гуапэу сохъуэхъу узыншагъэ, насып, ефIэкIуэныгъэ яIэну.

**КIУЭКIУЭ Юрий,**
*Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ.*

● Обозревателым и псалъэ

# Къэралым и мэIуху лъэщ

**Илъэс куэд хъуауэ мазаем и 23-м ди цIыхухэм Iэтауэ ягъэлъапIэ Хэкум и хъумакIуэм и махуэр. Ар зыкъомрэ зи цIэр яхъуэжа гуфIэгъуэщ, псори къыщежьари 1918 гъэрщ. Мыбдежым мыпхуэдэ упщIэ къыщоув: сыт мазаем и 23-р махуэшхуэу щIагъэувар? Абы и жэуапыр иджыри зэIубзкъым.**

НЭХЪАПЭМ жаIэу зэрыщытамкIэ, мазаем и 23-м Дзэ Плъыжьым Псковрэ Нарвэрэ я гъунэгъуу нэмыцэдзэхэр къыщызэтригъэувыIауэ щытащ. Ауэ еджагъэшхуэ куэдым абы шэч къытрахьэрт. Япэрауэ, абы щыхьэт техъуэ тхылъ гуэри щыIэкъым, етIуанэрауэ, а махуэхэм къыдэкIа газетхэм а текIуэныгъэм теухуа гуэри къибгъуэтэнукъым.

1922 гъэм Iэ традзащ Дзэ Плъыжьыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэсиплI зэрырикъур мазаем и 23-м Iэтауэ гъэлъэпIэным теухуа Указым. Ауэ ипэ ита илъэсхэм а гуфIэгъуэр зэи хаIэтыкIакъым.

1923 гъэм къэрал псом гуфIэгъуэ зэхыхьэхэр щекIуэкIащ Дзэ Плъыжьыр илъэситху зэрырикъум ехьэлIауэ. Мис абы къыщыщIэдзауэ мазаем и 23-р илъэс къэс ягъэлъапIэ.

1946 гъэм мазаем и 23-р Совет Армэмрэ Дзэ-Тенджыз Флотымрэ я Махуэ хъуащ.

Абдежи щиухакъым. 1995 гъэм Урысейм и Къэрал Думэм къищтащ «Урысейм и дзэ щIыхьым и махуэхэм я Iуэхук**Iэ» Федеральнэ законыр. Абы ипкъ иткIэ мазаем и 23-р ягъэуващ «1918 гъэм Дзэ Плъыжьыр Германием и казерым и дзэхэм зэратекIуам и махуэу - Хэкум и хъумакIуэм и махуэу».

Ауэ 2002 гъэм Къэрал Думэр аргуэру мы Iуэхум хэплъэжри, мазаем и 23-р Хэкум и хъумакIуэм и махуэу зэрихъуэкIыжащ. Ар зыгъэпсэхугъуэ махуэщ. Ар Совет къэралыщIэм пщIэрэ щIыхьрэ пылъу къикIуа гъуэгуанэм къыгуэхыпIэ имыIэу щыщ Iыхьэщ.

Дриплъэжынти тхыдэм. Граждан зауэм лъэрымыхь ищIа СССР-м хузэфIэкIащ пIалъэ кIэщIым къриубыдэу зи лъэщагъкIэ адрей къэралхэм къакIэрымыху къаруушхуэ зэригъэпэщын. Абы зэманым зыдиужь зэпытт. Патриот гъэсэныгъэр апхуэдизу лъагэти, Дзэ Плъыжьым къулыкъу щищIэныр дэтхэнэ совет цIыхуми и къалэн лъапIэу къиилъытэрт.

Псом хуэмыдэу Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэрщ. СССР къэрал абрагъуэм щыпсэу лъэпкъ куэдым я зэкъуэтыныгъэм и быдагъыр наIуэ къыщыхъуар. Дзэ Плъыжьым ди къэралри Европэри фашист зэрыпхъуакIуэхэм къаIэщIигъэкIыжащ, бийр Берлин щыхигъэщIащ.

Дуней псом и тхыдэм нэхъапэм щымыIа а ТекIуэныгъэ Иным теухуауэ куэд пхужыIэнущ икIи жыIэни хуейщ къытщIэхъуэ щIэблэм дяпэ итахэм къыпхуэмылъытэным хуэдизу зэрахьа лIыгъэр ящымыгъупщэн, ахэр абы щIэтпIыкIын папщIэ. Абы псом хуэмыдэу мыхьэнэшхуэ иIэщ Япэ дунейпсо зэуэми хуэдэу, Хэку зауэшхуэми кърикIуахэр зэрахьэкIыну, пэжыр пцIыуэ къыщIрагъэдзыну ди жагъуэгъухэр хуабжьу щыхущIэкъу мы зэманым. АрщхьэкIэ пцIым лъакъуэ зэи яхущIэгъэувэнукъым.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, СССР-р лъэлъэжа иужь, дунейм щыщыIэ щытыкIэм зихъуэжащ. Урысейр къэунэхуа «реформаторхэм» я зэранкIэ лъэрымыхь дыдэ хъуат. Уеблэмэ ди къэралыр кърадзэжыххэртэкъым. СССР-м къыжьэдикъуэу щыта США-м зыкъилъытэжащ сыт ищIэми хъуну. Континент псори езым и бжьым щIэту къилъытэрти, хэIэбэрт щIыналъэхэм щекIуэкI Iуэхухэм. Дэ ди нэгу щIэкIащ абы кърикIуар. Вашингтон игу иримыхь правительствэхэр щытрадзащ Иракым, Ливием, Афганистаным, нэгъуэщI къэралхэми. США-м и ахъшэкIэ «революцэ щхъуэкIэплъыкIэхэр» щIыпIэ - щIыпIэхэм щекIуэ-кIащ, НАТО-м и дзэхэр ди гъунэгъу къэрал зыбжанэм къашащ. АрщхьэкIэ кIэ зимыIэ щыIэкъым.

ЛъэхъэнэщIэм щIидзауэ къэплъытэ хъунущ 2007 гъэм. Мюнхен дунейпсо шынагъуэншагъэмкIэ щекIуэкIа зэIущIэшхуэм къыщыщыпсалъэм УФ-м и Президент Путин Владимир къехьэкIнехьэкI хэмылъу икIи быдэу жиIащ зы къэралым ЩIы хъурейм унафэ щищI зэрымыхъунур, дэтхэнэ къэралми езым и сэбэп зыхэлъхэр зэриIэжыр икIи ахэр пхигъэкIын зэрыхуейр. Ар КъухьэпIэр зыкIи зыпэмыплъауэ къыщIэкIащ. Телъыджэ ящыхъуат дунейпсо утыкум къимыгъэзэжыну икIауэ къалъытэ Урысейм и Iэтащхьэм и псалъэхэр. АрщхьэкIэ мыгувэу къагурыIуащ Путин Владимир зэрымыгушыIэр икIи абы езым и щIыналъэр зэрихъумэжыну къару зэрыбгъэдэлъыр. Иужь илъэсхэм Урысейм дзэ IуэхукIэ апхуэдизкIэ зыкъиужьыжащи, Путин Владимир щIимыуфэу жеIэф Урысейр «дэтхэнэ агрессорым нэхъри нэхъ лъэщу». Ар лъабжьэншэу зэрыщымытыр къагурыIуащ ди жагъуэгъухэми. Абы къикIыркъым Урысейр зыгуэрым и щIыналъэм щIэнэцIу, абы теуэну зигъэхьэзыру. Псори зытещIыхьар зихъумэжынращ. Къэралым и щIыналъэмрэ ди цIыхухэмрэ я шынагъуэншагъэр къызэрагъэпэщын мурадкIэщ Урысейм и дзэхэр щIыщыIэри зыхуэлажьэри аращ.

Ар псом хуэмыдэу IупщIу дигу къегъэкIыж нобэ дгъэлъапIэ махуэм.

**ШАЛ Мухьэмэд.**



## Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А. зи щхьэ IуэхукIэ къекIуэлIа цIыхухэм яхуэзащ

ЦIыхухэр нэхъ зытегузэвыхьхэм ящыщу къыщIэкIащ мэкъумэш продукцэр къэзылэжьхэм защIэгъэкъуэныр, сабийхэм щIэныгъэ гуэдзэн езыгъэгъуэт IэнатIэм зегъэужьыныр, Налшык къалэ округым и гъуэгухэмрэ лъэс зекIуапIэхэмрэ зэгъэпэщыжыныр, Бахъсэн районым щыщ унагъуэшхуэхэм ящыщ зым и псэупIэр иригъэфIэкIуэнымкIэ зыщIэгъэкъуэныр, зи узыншагъэр зэкIэлъымыкIуэхэм папщIэ еджапIэ хэхар къэзыухахэм лэжьапIэ IэнатIэ къахуэгъэпэщыныр.

ЦIыхухэм къыхалъхьа Iуэхухэм ящыщ дэтхэнэри пIалъэ пыухыкIахэм ирихьэлIэу дагъэкIыну къалэн щащIащ КъБР-м властымрэ управленэмкIэ зыхуэфащэ и органхэм я унафэщIхэм.

Псори зэхэту дызэрыт илъэсым и пэщIэдзэ лъандэрэ республикэм и Iэтащхьэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм ящыщу цIыху 45-м зыкъыхуагъэзащ.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

## КъБР-м и Правительствэм и деж щIэныгъэ-технологие зыужьыныгъэмкIэ щыIэ жылагъуэ советым и зэIущIэ екIуэкIащ

**2017 гъэм мазаем и 22-м Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым и тхьэмадэ Иуан П. М. Правительствэм и Унэм щригъэкIуэкIащ КъБР-м и Правительствэм и деж щIэныгъэ-технологие зыужьыныгъэмкIэ щыIэ жылагъуэ советым и зэIущIэ. А советым хэтщ республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм, щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, предприятэхэм я лIыкIуэхэр.**

ЗЭIУЩIЭМ кърагъэблэгъат Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI Мусуков А. ТI., КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм, КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм, КъБР-м Промышленностымрэ сатумкIэ и министерствэм, КъБР-м ЩIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм, КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм, Урысейм и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм я унафэщIхэр.

ЗэIущIэм и пэщIэдзэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI Мусуков А. ТI. къыхигъэщхьэхукIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIэныгъэ-технологие политикэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэр зэхэлъхьэнымрэ егъэфIэкIуэнымрэ я лъэныкъуэкIэ жылагъуэ советым лэжьыгъэфI зэрыригъэкIуэкIар.

Доклад нэхъыщхьэр, КъБР-м зегъэужьынымкIэ щIэныгъэ-технологие стратегием теухуар, къызэхуэсахэм я пащхьэ щищIащ Иуан П. М. Ар нэхъ тегъэчыныхьауэ тепсэлъыхьащ экономикэм и инновацэ зыужьыныгъэм иIэ мыхьэнэм.

ЗэIущIэм щаубзыхуащ дызэрыт илъэсым советым и лэжьыгъэр нэхъыбэу зыхуэунэтIауэ щытын хуей Iуэхухэр. Абыхэм ящыщщ промышленнэ предприятэхэмрэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ организацэхэмрэ я лэжьакIуэхэм я зэпыщIэныгъэм зегъэубгъуным икIи абыхэм я зэфIэкIыр инновацэ Iуэхуу республикэм щызэфIагъэкIхэм зегъэубгъуным хуэунэтIыныр. Абыхэм япкъ иткIэ 2017 гъэм зэрылэжьэну планыр къащтащ. КъБР-м и щIэныгъэ-технологие зыужьыныгъэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм ятеухуа аналитикэ докладхэр ягъэхьэзырын папщIэ лэжьакIуэ гупи 5 къызэрагъэпэщащ.

ЗэIущIэм и кIэухым Мусуков А. ТI. тепсэлъыхьащ республикэм и экономикэм мылъку къэзылэжь и IэнатIэхэм щIэныгъэ къэхутэныгъэхэр къыщыгъэсэбэпыным хуэунэтIауэ жылагъуэ советым зэфIигъэкIынухэм я план зэхэлъхьэпхъэу къызэрилъытэр. Абы къыхигъэщхьэхукIащ жылагъуэ советым и зэфIэкIыр нэхъри къиIэтын папщIэ КъБР-м и Правительствэр сыткIи дэIэпыкъуну зэрыхьэзырыр.

**БОРЫКЪУЕЙ Анатолэ.**

## Республикэм исхэр сакъыну къыхураджэ

**Хэкум и хъумакIуэм и махуэмрэ ЦIыхубзхэм я дунейпсо махуэмрэ ирихьэлIэу Терророрым пэщIэтынымкIэ лъэпкъ комитетым КъБР-м щыIэ и Оперативнэ штабым республикэм исхэр къыхуреджэ терроризмэм зыщыхъумэнымкIэ хабзэхэр ягъэзэщIэну.**

ЗЫЩЫВМЫГЪЭГЪУПЩЭ: терроризмэм и щIэпхъаджагъэхэр къэмыгъэхъунымкIэ хэкIыпIэ нэхъ тэмэм дыдэр - цIыхухэм я сакъыныгъэрщ.

ПщIэ зыхуэтщI адэ-анэхэ! ГуфIэгъуэ дауэдапщэхэм щыхэфшэкIэ, фи сабийхэм ягурывгъаIуэ уэрамым, пщIантIэм, унэ щIыхьэпIэхэм къыщагъуэта дэтхэнэ зы хьэпшыпми уеIусэну зэрышынагъуэр. Къызэрыгуэк**I хъуржыныр, тхылъымпIэ пхъуантэр, къинэмыщI зэкIуэцIылъхэр террористхэм къагъэсэбэпынкIэ хъунущ лагъым IэрыщIхэр ягъэпщкIун папщIэ.

Шэч гуэр фэзыгъэщI хьэпшып фрихьэлIамэ, гулъытэншэу фыблэмыкI, ауэ абы фемыIусэ, зэтевмых, зэкIуэцIывмых, сыту жыпIэмэ апхуэдэу къагъэна сыт хуэдэ хьэпшыпми лагъымхэр кIуэцIылъынкIэ хъунущ.

Гурыщхъуэ фэзыгъэщI сыт хуэдэ Iуэхуми, цIыху щхьэхуэми ятеухуауэ хабзэхъумэ органхэм хъыбар евгъащIэ, абыхэм я IуэхущIапIэхэм щIэт телефонхэмкIэ фыпсалъи.

**Хабзэм и хъумакIуэхэм я телефонхэр**:

КъБР-м щыIэ Оперативнэ штабым - **48-15-48**;

Урысейм и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм - **48-15-81**;

КъБР-м щыIэ МВД-м - **40-49-10**, **49-50-62**;

УФ-м СледствиемкIэ и комитетым СледствиемкIэ и управленэу КъБР-м щыIэм - **77-64-22**;

Урысейм и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм - **39-99-99**;

***КъБР-м щыIэ Оперативнэ штаб.***

# ХэкулI щыпкъэ Джатауэ Хьэмыщэ

**Дзэм и полковник Джатауэ Хьэмыщэ, Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэмрэ хъыбарыншэ хъуауэ щытахэмрэ къызыхэкIа лъэпкъым яцIыхуным ехьэлIауэ куэд дыдэ зылэжьа адыгэлI щыпкъэр, сэ япэ дыдэу щыслъэгъуар, цIыхугъэ щысхуэхъуар сыщалъхуа Зеикъуэрщ. Сэ абы щыгъуэ еблanэ классым сыщIэст.**

ХЬЭМЫЩЭ фащэ дахэр щыгъыу, зэкIужу ди уэрамхэм щыслъагъуырт. Ар Эльбрус райвоенкоматым и унафэщIым и къуэдзэу лажьэрт абы щыгъуэ.

«Зауэм хэтащ, Венгрием къыщыхъуа зэрызехьэм лIыгъэ иIэу хэтауэ жаIэ», - зэхуаIуатэрт офицер зэщIэкъуам кIэлъыплъхэм.

Дэ тпэмыжыжьэ Бгъэжьнокъуэхэ Лолрэ Къэрэжанрэ я унэм фэтэру щIэст Джатауэхэ. Зыдыхьа къуажэм и цIыхухэм псынщIэу яхэсыхьат, я фIыцIэ жаIэрт. Ауэрэ унэ зэтет ящIам Хьэмыщи фэтэр къыщратри, Iэпхъуэжащ. Абы щыгъуэ Джатауэр унагъуэ хъуат - Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къиухыу Зеикъуэ курыт еджапIэм нагъэкIуа Бекъан Жанусэ щхьэгъусэ ищIат. «УнэгъащIэхэм», жаIэурэ, ахэр фIыуэ зылъэгъуа гъунэгъухэм хьэкъущыкъу, унэлъащIэ гуэрхэр хузэхуахьэсырт. Псом хуэмыдэу Жэмыхъуэ Хьисэ чэнджэщэгъуу зэраIэр, лэгъупыIэмпIэкIэ яхуэупсэу зэрыщытар сощIэж.

ИужькIэ езы Хьэмыщи ди къуажэр гуапэу игу къигъэкIыжырт: «Зеикъуэр дахэщ, абы и цIыхухэр нэхъ дахэжщ. Си гъащIэ гъуэгум и япэ лъэбакъуэр фи жылэм угъурлыуэ щысчащ. Си лэжьыгъэми щыщIэздзащ, си бынхэм я анэри абы гъусэ щысхуэхъуащ. Уеблэмэ сэ Тэрч районым щызимыIэ унэкъуэщхэри Зеикъуэ къыщызгъуэтыжащ...»

Сэри си лэжьыгъэкIэ, республикэм и унафэщIхэм си пщэ кърaлъхьа къалэнкIэ, къэрал лIыкIуэхэм срагъусэу Америкэм, Сирием, Иорданием, Тыркум, Германием, Франджым, нэгъуэщIхэми сыщыIащи, дэтхэнэми Джатауэхэм сащрихьэлIащ. ИкIи сигу къэкI зэпытт: «Ди Къэбэрдей-Балъкъэрым мы лъэпкъыр апхуэдэу щIыщымащIэр дунейм щызэбгрыпхъа хъуащи аращ».

Америкэм и Калифорние штатым щыщ Анахайм къалэм Джатауэ Мухьэмэдрэ Самиррэ я унагъуэхэм сыщыхьэщIащ. Абыхэм я бынхэр Iэчлъэчщ, фIыуэ гъэсащ. Самир щIалищ иIэщи, футбол командэхэм щоджэгу, цIэрыIуэхэщ. Абыхэм я нэхъыщIэ Жумарт и сурэт къыздэсхьат. Абырэ Хьэмыщэ и къуэ Мухьэмэдрэ зэныбжьщ, зы анэм къилъхуам хуэдэу зэщхьщ. Аращ «лIэужьыр бжьиблкIэ мауэ» жыхуаIэр. Жумарт «Нур» сабий журналым и жинтым къытрезгъэдзауэ щытащ, унагъуэ хъарзынэм сегуэпэну.

Джатауэ Хьэмыщэ и IэнатIэр тэрэзу зэрихьэу, жылагъуэ къалэнышхуи игъэзащIэу псэуащ. Сыт хуэдэ районым и военкоматым ямыгъэкIуами, абы лэжьыгъэр къыщиIэтырт. Псом хуэмыдэу Хьэмыщэ цIэрыIуэ ищIат щIалэгъуалэр дзэм къулыкъу щыщIэным, Хэкур фIыуэ ялъагъуным, хьэлщэн дахэ яхэлъыным IэкIуэлъакIуэу зэрыхуигъэхьэзырым.

Хьэмыщэ нэгъуэщI зэфIэкIи «къызыкъуихат» - ар гъащIэм хуригъэджат журналист IэщIагъэм. Итхынур ищIэу, зыщIидзар фIыуэ зэпкърыхауэ и кIэм нигъэсу, и псалъэхэр купщIафIэу апхуэдэт.

Ар ауэ сытми ягъэуватэкъым «Фэеплъ тхылъыр» томитху хъууэ къыдэзыгъэкIынухэм я унафэщIу. Джатауэм, зэрыжаIэщи, и гур дзапэкIэ иIыгъыу, щыуагъэ гуэр яIэщIэкIыным тегузэвыхьу елэжьащ тхылъым, блэ къимыпщауэ пиупщIыркъым, зыхужаIэм хуэдэу. ИкIи абы папщIэ цIыхухэм псалъэ гуапэ куэд къыхужаIащ, КъБР-м и Къэрал саугъэт лъапIэр кърататащ.

Зауэм хэкIуэдахэм, абыхэм къащIэна фызабэхэм я гум щыщIэр, я фэм дэкIыр и тхыгъэхэм, радио, телевизор нэтынхэм къыщыхигъэщкIэ, щIэджыкIакIуэхэм я нэпсыр кърaгъакIуэрт, пэжыщэу, тэмэму игъэхьэзырырти.

Хьэмыщэ, абы къыдэлэжьа полковник Ахъмэт Тимур, майор Молэ СуIэдин сымэ (щыми я Ахърэт Алыхьым дахэ ищI) «Фэеплъ тхылъым» иратха зауэлI псоми фэеплъ сын хуагъэувауэ жыпIэ хъунущ.

«Псом нэхърэ си дежкIэ нэхъ лъапIэщ, - гуфIэрт Хьэмыщэ, - куэдым, куэд дыдэм я бампIэр зэрыдэтхар, яфIэкIуэдахэр къазэрыхуэдгъуэтыжар».

Сыт хуэдэ унагъуэ дахэт Джатауэм игъэпсар, сыт хуэдэ бын хъарзынэ къиIэтат, зэщхьэгъусэхэм сыт хуэдэ зэгурыIуэныгъэ яку дэлъат! Езыхэм я щытыкIэмкIэ, я хьэлщэнымкIэ бынхэр гъэса хъурт. Уэсым хуэдэу къабзэт Хьэмыщэ и псэр, дыгъэ бзийуэ и гур хуабэт, хьэлэлт.

Сэ Джатауэхэ мызэ-мытIэу себлэгъащ, хамэ къэрал къикIа я Iыхьлыхэм срагъусэу. ФэрыщIагъ гуэри хэмыту, гуапагъэ хэлъу Хьэмыщэ ахэр игъэхьэщIэрт. Апхуэдэ псэукIэ къабзэм щIипIыкIа и бынхэр езым ещхь хъужахэу, адэ щыпкъэм и фэеплъу Iыхьлыхэм, благъэхэм, ныбжьэгъухэм нобэ къахуэнащ.

**ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд**,
*«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.*

# Зы илъэс закъуэ

**Дунейр уэфIт. Темрыкъу хы къуэпсым къыхиху акъужь гуапэр псэм йодэхащIэ, абы полкым и ныпыр дохуарзэ. Кхъухьлъатэзехуэхэр сатыру иувыкIахэу а ныпым и пащхьэм итщ, я унафэщIхэм жаIэм йодаIуэри. Бийм зы мэскъалкIэ зэрыхудамычыхынум, ар уэгуми щIылъэми зэрыщыхагъэщIэнум теухуа псалъэмакъщ екIуэкIыр. ЗауэлIхэр щытщ, я нэгухэр зэхэуфауэ, гужьгъэжьыр я нэхэм къыщIихыу.**

УНАФЭЩIХЭМ я ужькIэ псалъэ къещтэ Къанкъуэщ Ахьмэдхъан. Полк псор умэзэхауэ йодаIуэ и адэм къигъэхьауэ иджыпсту ар къызэджэ тхыгъэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым фашистхэм щызэрахьэ залымыгъэм теухуауэ гур зыгъэуз псалъэхэр зэрытым. Абы пищэу Ахьмэдхъан жеIэ: «Фашистхэм яукIащ си шыпхъуитI - ФатIимэтрэ Абчарэрэ, си къуэш Шэмэул. Абыхэм яукIащ совет цIыху минхэр. ИкIи си псэр пытыху, си гур къеуэху, хейуэ кIуэдахэм ялъ сщIэжыну фыкъызогъэгугъэ».

Адыгэ щIалэр хуэпэжащ ищIа тхьэрыIуэм. Къанкъуэщ Ахьмэдхъан папщIэ ятхырт: «Ар зэи гужьейртэкъым. Кхъухьлъатэр фIыуэ зэрызэрихуэм къыдэкIуэу, абы и хьэлым щызэхуэхьэсат тегушхуэныгъэри, фашистхэм яхуиIэ нэмыплъри, телъыджэ дыдэхэр езыгъэщIэф лIыгъэшхуи. Ахьмэдхъан ябгэу бийм ебгъэрыкIуэрт, абы кIуапIи жапIи иритыртэкъым. НапIэдэхьеигъуэт зыхуейр гъэщIэгъуэн гуэр къигупсысын папщIэ. Ар еплъыртэкъым бийр зэрыхъу бжыгъэм».

Зауэм зэрыIухьэрэ куэдыщи дэмыкIауэ, Ахьмэдхъан и гъусэ зауэлIхэм хэкум къатхащ:

«Фронт псом Къанкъуэщыр къыщацIыху. Дзэ Iэтащхьэхэр абы къыхуэупсащ Бэракъ Плъыжь орденымкIэ».

Зауэм Iухьа нэужь еру щхьэкIэ, Ахьмэдхъан и ныбжьэгъухэм щахэтым деж щабэт, бзэ IэфI Iурылът, дэтхэнэми и гукъеуэ, и дзыхь кърагъэзырт, и хьэл-щэн дахэмкIэ цIыхухэр зыщIишэрт. И унагъуэм теухуауэ хъыбар мыщхьэпэ къызыIэрыхьам абы къриIуэтылIэрти, и гур нэхъ зэгъэжырт, сыту жыпIэмэ апхуэдэхэм деж адыгэ щIалэм ныбжьэгъум жриIэни зэречэнджэщыни къигъуэтыфырт.

... «Мессершмитт»-м зэребгъэрыкIуэ ди кхъухьлъатэхэр ялъэхъэн я гугъащ, ауэ къикIа щыIэкъым. Ди «Як»-хэр бомбэзехьэхэмкIэ яфIэкIуэри, абыхэм уэр хузэхаублати, радиоаппаратым бгъэдэсу мыдэкIэ щIым щыIэ унафэщIыр къэпIейтеяуэ хьэуам хэтхэм йоджэ: «Напэ фиIэщ! Еуэ уэ, шэмэдж! Пыгъэщ, Къанкъуэщ!» УафэхъуэпскIым хуэдэу псынщIащэу йокIуэкI зэхэуэр. Бий мафIэм иса къуажэм и жыг хадэ зэщIэгъэгъахэмкIэ йохуэх «Юнкерс»-у тIу. Ещанэм егъэкIэрэхъуэжри, уафэ лъащIэм йохьэж. Ар еху «Як»-м. «Юнкерс»-м ехуэх нэпцI зещI, зэм зегъэхуэм, зэми кIэщIу къегъэкIэрахъуэри, адэ-мыдэкIэ зыщIедз.



«Нэхъ лъагэу!» - къоIу ар зыхум и макъыр. Зауэм дихьэха Къанкъуэщ Ахьмэдхъан щыгъупщат зэрыпсалъэ Iэмэпсымэр игъэувыIэжын икIи щIым тетхэм зэхах абы и псалъэхэр: «ЛъыщIэжым фыIэщIэкIыу щIыми зыщывгъэпщкIуфынкъым, уафэми фыщыбзэхынкъым. Адыгэм жеIэ: «Зилъ зыщIэжым и бийр хьэдрыхи къыщигъуэтынщ»».

Мес ар, лъыщIэжым ирихужьар, моторитI зэрыт и кхъухьлъатэ щхъуантIэ-гъуэжьыфэмкIэ щтапIэ ихьэжауэ къуршыщхьэм щызолъатэ. Абы ищIэркъым леймыгъэгъуур и ужь зэритыр, ауэ ерыщу къызэребгъэрыкIуэмкIэ, ерууэ и къыкIэлъыкIуэкIэмкIэ, и «Як»-р Iэзэу зэригъэIурыщIэмкIэ икIи пулемётыр къызэреуэ щIыкIэмкIэ къыгурыIуэу хуожьэ и ажалыр и ужь зэритыр, гузэвэгъуэри къыкIэщIозэрыхь...

Къанкъуэщым иригулIа фашист кхъухьлъатэр гъуахъуэу, Iугъуэмрэ гъуэзымрэ зэщIащтауэ бгы гуэрым жьэхоуэри, зэхощащэ. «Як»-м, бгым жьэхэуэным иIэж щымыIэу, зыдредзеижри уэгу щхъуантIэм къохутэж. Зэ зыкъегъэзэж, и бийм къыщыщIар зрегъэлъагъури, адрей совет кхъухьлъатэхэм яхоувэж.

ПлIыщIрэ етIуанэ гвардие авиаполкым и унафэщI Грабарец Иван етх: «Командир къэмылэнджэжщ, кхъухьлъатэзехуэ Iэзэщ. Нэмыцэ «къашыргъэхэм» екIурабгъу къахуегъуэтыф. Хьэуа зауэм и Iэмалхэр ещIэ, лIыгъи зэфIэкIи къыщегъэлъагъуэ. И закъуэ кхъухьлъати 8, гъусэ иIэу щы къриудыхащ, нэгъуэщIитхуи зэхикъутащ».

Куэд дэмыкIыу Къанкъуэщ Ахьмэдхъан ТIалэ и къуэр Совет Союзым и ЛIыхъужь ящI. А унафэр дунейм къытохьэ 1943 гъэм фокIадэм и 2-м.

Зы илъэс закъуэщ Къанкъуэщ Ахьмэдхъан зауэм зэрыхэтар. А зэман кIэщIым абы нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм хэщIыныгъэшхуэ ярет. 1943 гъэм Къанкъуэщым и кхъухьлъатэр Керчь деж къыщраудыхащ. Ауэ абы и щIыхьым, и пщIэм бийм зыри хуещIакъым.

**ГУКIАКЪУЭ Инал**.

# Хьэбынэ и гъыбзэ

**Егъэлеяуэ гуимыхужщ Гъуэрдэгъуэжь КIамышрэ Хьэбынэрэ зауэм гуауэу къахуихьар. А тIум зэдапIа къуихри зэкIэлъхьэужьу зауэм кIуат, къэзымышаи яхэту. Ахэр Залым, Данил, Шидэ, Хьэбас, Мухьэмэд, Хьэсэн сымэт.**

КIАМЫШ колхоз лэжьыгъэм къыдэхуэртэкъым, Хьэбынэ и пщэ илът нысэ гъэсэнри, къуэрылъхухэм якIэлъыплъынри. Абы нэмыщI губгъуэ лэжьыгъэми хулъэкI хищIыхьырт. ЛIы щхьэщытщ жари, нэхъ лейуэ къэралым дэIэпыкъун хуейхэм хабжэрт. Зауэм Iутхэм папщIэ цей, лъей, Iэлъэ хуабэ, щIакIуэ зыгъэхьэзырхэми ящыщт. Ахэр зэи къехьэлъэкIыртэкъым Хьэбынэ: и Iэдакъэ къыщIэкI дэтхэнэ щыгъын хуабэри и щIалэхэм я щIыфэм иралъхьэ и гугъэт. Заемри нэхъ лейуэ къытралъхьэрт а унагъуэм. Ахэр хиубыдат губгъуэ лэжьыгъэхэр белкIэ, хьэмфIанэкIэ зылэжьхэм, сэхураныщхьэ къэс пызыупщIу, ахэр баш цIыкIукIэ зыудыныжхэм. МащIэтэкъым апхуэдэ лэжьыгъэхэр. Нэхъ гугъужыр къуэрылъхухэр зыхуей-зыхуэфI хуэгъэзэнырт.

А псом и щIыIужкIи Хьэбынэ и бынхэм я щыхьэкIуэ тхылъхэр зыр зым кIэлъыкIуэу къахьырт. Ауэрэ а щхьэкIуэ тхылъхэр 5-м нэсащ. «Хэт ищIэрэ, зыгуэр къахэкIыжыну пIэрэ?» - жиIэу Хьэбынэ мычэму куэбжэмкIэ плъэрт, и щIалэхэм гъыбзэ яхуиусу. АрщхьэкIэ щIалихым ящыщу зауэ нэужьым къэзыгъэзэжар Хьэсэн и закъуэщ. Хьэблэм дэсхэм иджыри къэс жаIэ Хьэбынэ и къуэхэм яхуиуса гъыбзэм щыщхэр:

**Бахъсэн псыхъуэмэ**
**сынидоплъэ мыгъуэ,**
**Жылэ щIалэхэм**
**саныхоплъэ мыгъуэ,**
**Си щIалитхури**
**хэзмылъагъуэ мыгъуэ уей,**
**Хэзмылъагъуэ мыгъуэ уей.**
**Къазбэрынэри уэ**
**шэдыпцIэ мыгъуэщ,**
**КъамылыпцIэуэрэ**
**фызгъэкIа мыгъуэти,**
**Зауэ лыгъэмэ фыхисхьа**
**мыгъуи уей,**
**Фыхисхьа мыгъуи уей.**

Хьэбынэ абы и закъуэтэкъым гуауэу илъэгъуар. Ар Шыбзыхъуэхэ япхъути, и дэлъхухэри «фыкъулейщ», «фыкулакщ» жаIэри зырызыххэу дашри ягъэкIуэдат. Езыри зэхэзехуэн ящIри гугъу ирагъэхьауэ щытащ.

А псоми къелащ Хьэбынэ и псэр. Гуауэ ин зылъэгъуа зэщхьэгъусэхэм я гур ягъэбыдэри, я къуэрылъхухэр, нысэхэр ягъэгушхуэу псэуащ.

**ДЖЭДГЪЭФ Хъусен**.

# ГъущIыпсэ яIутми ярейт абыхэм

**Къызбрун Езанэ къуажэм зи щхьэгъусэхэр зауэм (1941 - 1945 гъгъ.) хэкIуэдахэм я унэгуащэхэу, фызабэу къэнахэм ятеухуауэ псалъэ зытIущ жысIэну сыхуейт.**

А ЛЪЭХЪЭНЭМ Iэщэ яIыгъыу зауэм Iумытами, фронтым щыIахэм нэхърэ нэхъ тыншакъым сабий зыбжанэ зиIэ анэхэм я гъащIэри. Сабий пIыныр апхуэдэуи къатехьэлъэртэкъым анэхэм, ауэ абыхэм къалъыкъуэкIат ухэзыгъаплъэ Iуэхугъуэ. Ахэр кIэлъыплъын хуей хъуащ зи ныбжьыр хэкIуэта, зи щхьэ кIэлъымыплъыжыф нэхъыжьхэми. А псом нэхърэ нэхъ хьэлъэжт колхоз зэхэкъутахэр зэфIэгъэувэжын зэрыхуейр. Хьэсэхэр зэравэн вы яхурикъуртэкъыми, унагъуэ закъуэтIакъуэхэм къахуэна жэмыжь зырызхэри бригадэ пщыIэм щызэхуахусауэ щаIыгъти, абы кIуэуэрэ къыщIэкI тIэкIур къашырт, абыи зы жьэ-жьитI игъэбэяунущ жаIэурэ. ЦIыхубзхэм пхъэIэщэкIыр яубыдыну къащылъыс куэдрэ къэхъурт. Ауэ гъэщIэгъуэнкъэ, абыхэм гъынанэу, е тхьэусыхэу, е гъумэтIымэу зыри къахэкIыртэкъым.

Ауэрэ зауэри иухащ, зи насып къикIахэми къагъэзэжащ. Ахэри, дэ зауэм дыщыIащ, жаIэурэ тIысыжу щысакъым, я Iэщхьэлъащхьэр дэхьеяуэ яхуэщIэр ящIэу лэжьащ.

Иджы зи щхьэгъусэ къэкIуэжыным пэплъэу, яхуэщIэр ящIэу ди къуажэм дэса бзылъхугъэхэм, гъущIыпсэ Iутми ярейти зыхужаIэхэм, ящыщхэм я цIэ-унэцIэр къисIуэнут (мыбыхэм ящыщ зыри псэужкъым):

1. АфэщIагъуэ МащIэ Умар и пхъур (и щхьэгъусэр Мухьэмэдщ).
2. Iэпщэ Зулихъан Исуф и пхъур (и щхьэгъусэр Хъусенщ).
3. АфэщIагъуэ Баринэ Хъутэ и пхъур (и щхьэгъусэр Дзущ).
4. Беслъэней Лизэ Шакъ и пхъур (и щхьэгъусэр Сотщ).
5. Бэрэздж Лидэ Лэкъумэн и пхъур (и щхьэгъусэр Мэжидщ).
6. ГъукIэ Хурирэт ХьэцIыкIу и пхъур (и щхьэгъусэр Джэхьфарщ).
7. ДыщэкI ГуащIэ КIэмыш и пхъур (и щхьэгъусэр Сэхьидщ).
8. ДыщэкI Фаризэт Сэлихь и пхъур (и щхьэгъусэр Мухьэдинщ).
9. Жэмыхъуэ Къалэ ХьэтIытI и пхъур (и щхьэгъусэр Мухьэмэдщ).
10. Жэмыхъуэ Марусэ Къэрал и пхъур (и щхьэгъусэр ТIалэщ).
11. Жэмыхъуэ Цацэ Хьэжмэт и пхъур (и щхьэгъусэр Нурбийщ).
12. КIурашын Дахэпс Ахьмэд и пхъур (и щхьэгъусэр Алийщ).
13. КIурашын ЛыкIуакIуэ Темырыкъуэ и пхъур (и щхьэгъусэр Мулидщ).
14. КIурашын Данэху Сэлмэн и пхъур (и щхьэгъусэр ТIамэщ).
15. КIурашын Мэржан Адэлджэрий и пхъур (и щхьэгъусэр Кашифщ).
16. КIурашын Нэтэ Темыркъан и пхъур (и щхьэгъусэр Лулэщ).
17. КIурашын Танзил Хьуд и пхъур (и щхьэгъусэр Данилщ).
18. КIурашын Куэз Аслъэмырзэ и пхъур (и щхьэгъусэр Баширщ).
19. КIурашын Лихъэ Сот и пхъур (и щхьэгъусэр Рэмэзанщ).
20. Къумыкъу ТIатIэуэс ТIэлэмашэ и пхъур (и щхьэгъусэр Хъызырщ).
21. Къэхъу Нану Хьисэ и пхъур (и щхьэгъусэр ТIалэщ).
22. Къэрабэ Танзил Мухьэмэд и пхъур (и щхьэгъусэр Тамбийщ).
23. Мэржэхъу Улэ ТIатIу и пхъур (и щхьэгъусэр Мысостщ).
24. Мэржэхъу Iэдибэ Мухьэмэд и пхъур (и щхьэгъусэр Уэлидщ).
25. ХьэцIыкIу КIулу Исуф и пхъур (и щхьэгъусэр Нирэщ).
26. Шэт Кулэ Лъостэнбэч и пхъур (и щхьэгъусэр Къэрэкъанщ).
27. Шэт Къэралжан Либэ и пхъур (и щхьэгъусэр Мухьэдинщ).
28. Шэт Хьэжхъан Цу и пхъур (и щхьэгъусэр Жэмалдинщ).
29. Къанэмэт Жангулэз ТIатIу и пхъур (и щхьэгъусэр Мухьэжидщ).
30. Шыбзыхъуэ Марусхъан Темыркъан и пхъур (и щхьэгъусэр ТIытIущ).
31. Молэ Хьэцацэ Мыхьэмэт и пхъур (и щхьэгъусэр Темыржанщ).
32. Гъуэрдэгъуэжь Нунэ Хьэжумар и пхъур (и щхьэгъусэр Залымщ).
33. Молэ Шэризад ХьэтIутI и пхъур (и щхьэгъусэр ТIытIущ).
34. Абей Хунэ ТIытIу и пхъур (и щхьэгъусэр Алийщ).
35. Аутлъэ Амирэт Хъалил и пхъур (и щхьэгъусэр ТIалэщ).
36. АфэщIагъуэ Шахьидэ Илас и пхъур (и щхьэгъусэр Мухьэбщ).
37. Молэ Хъансидар Батокъуэ и пхъур (и щхьэгъусэр Цыкъэщ).
38. Тембот ФатIимэт Къарэмырзэ и пхъур (и щхьэгъусэр Мусэщ).
39. Къанэмэт ХьэфIыцIэ Хъалил и пхъур (и щхьэгъусэр Мыхьмудщ).
40. Тезадэ ФатIимэт Къамболэт и пхъур (и щхьэгъусэр Азрэтщ).
41. Молэ Кумыщхъан Алий и пхъур (и щхьэгъусэр Батырбэчщ).
42. Уэрыш КIулалэ Хъуд и пхъур (и щхьэгъусэр Къэралбийщ).
43. Iэпщэ Жанпагуэ Сэлихь и пхъур (и щхьэгъусэр Амырбийщ).
44. Шурдым Абижан Мухьэмэд и пхъур (и щхьэгъусэр Мухътарщ).
45. Iэпщэ Мэрем Исмел и пхъур (и щхьэгъусэр Агъурбийщ).
46. Шэт Лалу Лъостэнбий и пхъур (и щхьэгъусэр Лушщ).
47. АфэщIагъуэ Жаруз Мыхьэмэт и пхъур (и щхьэгъусэр СулътIанщ).
48. Тащ КIулалэ Уэлий и пхъур (и щхьэгъусэр Хьэсэнщ).
49. Шэт Хьэлимэт Джыкъуэ и пхъур (и щхьэгъусэр Хьэчимщ).
50. Къуршэ ХьэIишэт Угъурлы и пхъур (и щхьэгъусэр Джэхьфарщ).
51. Ашэбокъуэ Уэхьидэт Жамбот и пхъур (и щхьэгъусэр Къэралбийщ).
52. Ныр КIуацэ Темболэт и пхъур (и щхьэгъусэр Чэмалщ).
53. Жэмыхъуэ Махъэ Умар и пхъур (и щхьэгъусэр Хьэбашэщ).
54. Тембот Санэ КIамыш и пхъур (и щхьэгъусэр Японщ).
55. Тембот КIуру Къазий и пхъур (и щхьэгъусэр ТIытIущ).
56. Умэт Шэимэт Къурмэн и пхъур (и щхьэгъусэр Хьэмелщ).
57. Тембот ФIыцIэ Темыр и пхъур (и щхьэгъусэр Хъалидщ).
58. Сыжажэ Казиб ЛIыгъур и пхъур (и щхьэгъусэр Къасымщ).
59. Шурдым Дыху Хьид и пхъур (и щхьэгъусэр Лалущ).
60. Куэтэншы Хурирэт ТIутI и пхъур (и щхьэгъусэр Мухъутарщ).

**КIУРАШЫН Алий**.

# СыткIи щапхъэ



**Абы къигъэщIар илъэс тIощIрэ тхурэ ирикъуркъым. И щIалэгъуэ дахэу, и насып къэкIуэгъуэу ар дунейм ехыжащ.**

МЭСЕЙ Аслъэнджэрий 1920 гъэм Ерокъуэ къыщалъхуащ, пасэу и адэр фIэкIуэдри, унагъуэ Iуэхури и пщэм къыдэхуащ.

Налшык дэт егъэджакIуэ техникумыр къиуха нэужь, Аслъэнджэрий я къуажэм къокIуэжри, щIэблэм щIэныгъэ иригъэгъуэту, школым и унафэщIым и къуэдзэу мэлажьэ. Адыгэ щIалэ екIум хьэл зэтет иIэт, нэмысышхуэ хэлът, IуэхукIэ бгъэдыхьам «хьэуэ» жриIэртэкъым. Апхуэдэущ ар зэращIэжыр и къуажэгъухэм, и ныбжьэгъуу щытахэм, и Iыхьлыхэм.

Хэку зауэшхуэр къэхъеиным куэд имыIэжу Мэсейр ВКП(б)-м и Лэскэн райкомым и парт кабинетым и унафэщIу мэлажьэ.

Аслъэнджэрий езыр фIэфIу зауэм яфIэкIуащ, дамыгъэкIыну хуит къызэращIми ебакъуэри.

1942 гъэм фашистхэм Сталинградрэ Кавказымрэ хуаунэтIащ къаруушхуэ. Абыхэм лIэн-къэнэну япэщIэува совет зауэлI хахуэхэм ящыщт адыгэ щIалэр. Тенджыз ФIыцIэм и дзэ гупым хэту абы лIыхъужьыгъэ нэс къигъэлъагъуэрт, зауэлIхэм щапхъэ яхуэхъурт.

Мэсейр политрукыу здэщыIэ фочауэ батальоныр зэгуэрым бийм къиухъуреихьащ. Ауэ Аслъэнджэрийрэ и ныбжьэгъухэмрэ я гур яфIэкIуэдакъым. Зауэ гуащIэ ирагъэкIуэкIыурэ, зэрыхуа щытыкIэ гугъум къикIыжхэри, ди дзэм гъусэ зыхуащIыжащ. Абы щыгъуэ Мэсейр уIэгъэ хьэлъэ хъуащ икIи уIэгъэщым илъэс нэблагъэкIэ щIэлъащ. Хъужа нэужь, Аслъэнджэрий танкисту ирагъэджэну Чирчик (Узбекистан) ягъакIуэ.

1944 гъэм и гъатхэм Мэсейр Белорус фронтым щозауэ. Ар танк взводым и унафэщIщ. Фашистхэр СССР-м ирахужа нэужьи, Европэм ис лъэпкъхэр хуит къэзыщIыжахэм яхэтащ.

ЕтхущIанэ танк бригадэм Аслъэнджэрий пщIэшхуэ щиIэт. Бийм и щIыпIэм уащхъуэдэмыщхъуэу къыщыхутэфрэ нэмыцэхэр игъэгулэзу, абыхэм япэтIысрэ гъуанэдэууэ Iисраф зэтрищIэу Мэсейм Iэджэ игъэхъащ. КIуэрыкIуэм здытетым езым и танкымкIэ еуэурэ бий танкитI икъутэрт. Апхуэдэу зэрыщхьэмыгъазэм, зэрыхахуэм папщIэ абы кърат Вагъуэ Плъыжь орденыр.

Командир Iэзэу зэрыщытыр псом хуэмыдэжу нэрылъагъу къищIащ 1945 гъэм и щIымахуэм Польшэм зэрыщызэуам. Езым къигупсыса Iэмалхэр къигъэсэбэпурэ, а лъэхъэнэм Аслъэнджэрий бийм хэщIыныгъэшхуэ иритащ. Абы икъутащ топ зэмылIэужьыгъуэу пщыкIуз, жыр быдэм къыхэщIыкIа машинэу пщIы, Iэщэ зэрылъ транспорту пщIы, Iэщэрэ шэрэ зэрылъ гу зэщIэщIахэу пщIейрэ тхурэ.

Ауэ абыхэмкIи иухыркъым ерокъуэ щIалэм зауэм щигъэхъар. Ар къыхэжаныкIащ Петркув-Куявски деж щекIуэкIа зауэ гуащIэми. Генерал Орлов и Iэ зыщIэлъ тхылъым мыпхуэдэу итщ: «Бийм иIыгъ щIыпIэм тIасхъэщIэх танкищкIэ кIуауэ, уащхъуэдэмыщхъуэу ятеуэри, фашист зауэлIхэр игъэгужьеящ, Петркув-Куявски къалэм яфIыдыхьэри, къуентхъыуи зыIэригъэхьащ топитху, пулемёт пщыкIутI, хьэлъэ зэрылъ машинэ пщыкIубл, апхуэдэу гъэр къищIащ бий сэлэтрэ офицеру зы гуп».

Люблин, Демблин, Мазовецк къалэхэр къыщащтэми ар япэ итащ, бийм и щхьэр щIригъэхьэу. 1945 гъэм и мэлыжьыхь мазэм лейтенант Мэсей Аслъэнджэрий Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр къыфIащащ. Хэку зауэшхуэр иухыным къэнэжа щымыIэу ар Вислэ деж щыхэкIуэдащ.

Ди щхьэхуитыныгъэм зи псэр щIэзыта Мэсей Аслъэнджэрий и фэеплъыр адэжь щIыналъэм щагъэлъапIэ. Абы и цIэр зэрахьэ Налшыкрэ Нарткъалэрэ, къуажэ зыбжанэм я уэрамхэм, Ерокъуэ курыт еджапIэм.

**МЫЩОКЪУЭ Мусэбий**.

# ВАГЪУЭИЖ

***Къардэн Къэбард Лэкъумэн и къуэм и гъащIэр ещхьт вагъуэижым - махуэ 257-рэщ ар Хэку зауэшхуэм зэрыхэтар. Дэфтэрхэм яхъумащ абы сыхьэтихым къриубыдэу и танкымкIэ нэмыцэ фашисту 50-м щIигъу зэриукIар, топу 5 зэрикъутар, къуентхъыу танки 7, топ 13, автомашинэ 78-рэ дыдейхэм къаIэрыхьэным ар зэрыхэлIыфIыхьар...***

***Совет Союзым и ЛIыхъужь Къардэн Къэбард теухуауэ щыIэ тхылъхэр мащIэщ. Ауэ абыхэм Аушыджэр щыщ адыгэлIыр къахощ Хэкум и бын пэжу, шынэ зымыщIэ танкисту, ныбжьэгъуфIу, цIыху хьэлэлу, сыт и лъэныкъуэкIи щапхъэу. Апхуэдэу ар щыдолъагъу, къэбгъэлъагъуэмэ, урыс тхакIуэ цIэрыIуэ Гарин Фабиян и тхылъым, 1963 гъэм Москва къыщыдэкIам, «Танкым телъ удз гъэгъахэр» зыфIищам. Абы къыхэтхащ мы пычыгъуэ цIыкIур.***

- НЫБЖЬЭГЪУ Къардэн, уэ нэхъыфIу зыкъэдгъэцIыхут, - жиIащ Боровицкэм.

ЩIым щыс сэлэтхэм къахэтэджыкIащ щIалэ къуэгъу, зи нэкIур дыгъэм къамылыфэу ижьар. Нэрылъагъут ар зэрыпIейтейр. КIэщI дыдэуи къиIуэтащ Кавказ къуршыжьхэм я лъапэм къызэрыщалъхуар, мэлыхъуэу зэрылэжьар, къалэшхуэ илъагъуну, еджэну зэрыщIэхъуэпсар.

- СыноупщIыну сыхуейт, - къэIуащ Кульдин и макъыр. - Уи сыт Совет Союзым и ЛIыхъужь хъуа Къардэн Къубатий?

- Си къуэшщ, - жиIащ щэхуу Къэбард.

Сэлэтхэр нэ гуапэкIэ еплъащ я ныбжьэгъум. Комбатым жиIэнIауэ хэтащ. Ауэ а напIэзыпIэм макъ лъагэкIэ зыгуэр къэджащ:

- ПсынщIэу фи машинэхэм фитIысхьэж!

Дакъикъэ зыбжанэ нэхъ дэмыкIыу зауэм и мафIэр щIэрыщIэу къызэщIэнащ... Танкищэхэр, кхъухьлъатищэхэр, топищэхэр зэщIэгъуахъуэрт. МафIэм исырт машинэхэр, псэупIэ унэхэр, шыгу зэщIэщIахэр, цIыху куэд. Пщагъуэмрэ Iугъуэмрэ зэхэтым ярейуэ, зэуапIэр кIыфI хъуат, шэ зэмыфэгъу зелъатэхэр къыхэлыдыкIыу... Бийр зы километркIи къэкIуэтэфакъым. Ихъуреягъкlэ щыплъагъурт нэмыцэ сэлэтхэмрэ офицерхэмрэ я хьэдэхэр, мафIэ бзийр зыщхьэщыт танкхэр...



Къардэн Къэбард егупсысырт бийм ебгъэрыкIуэу, я быдапIэр зэрызэпхитхъыным, адрей танкхэм гъуэгу зэрахуищIыным. Машинэр зыгъакIуэр старшина Трохинт. Къардэным и танкым и ужь итт Дегтярёв, Бондарь сымэ зи унафэщIхэри... Бийм ди танкхэр здикIыну и гугъэр ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэти, абыкIэ зыщагъэбыдат, фIыуи загъэхьэзырат. Ар къыгурыIуэри, Трохиным унафэ хуищIащ шоссем текIыу губгъуэ гъуэгумкIэ игъэшыну. Дегтярёв, Бондарь сыми къащIащ Къардэныр зыхущIэкъур. Ди танкхэр, лъэгумкIэ яунэтIри, къуажэм дэмыхьэу, къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ екIуэкIащ, зыкъагъазэри, къызэдилъащ.

- Гъуэжькуийм хуэдэу, - кIиящ Къэбард, Трохиным зыхуигъазэри, - бийм дытоуэри, хьэбэсабэ дощI!

Къуажэм къызэрыдэхутэу къалъэгъуащ ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ загъэзауэ танкищ щыту. Къардэныр еуэри, зым Iугъуэ фIыцIэр къыщхьэщыуващ. Дегтярёвым игъэсащ етIуанэрей танкыр. Ещанэм зыкъигъэзэну хэтащ, ауэ хунэсакъым. Абыи техуащ Къэбард и топышэр.

Абдежым лъэныкъуэкIэ къыкъуэкIащ «Фердинанд» зыбжанэ. Къардэным и танкым къытелъэлъащ топышэхэр. Матюшкиныр уIэгъэ хьэлъэ хъуат, ауэ абы хузэфIэкIащ топыр иуэдыну. Къэбард и Iэр къиIэтри, къыхэщэIукIащ - лъыпсыр къыпыжырт...

- Къызэт бронебойнэр! - еджащ ар Матюшкиным.

Ауэ абы зыкъигъэхъеижыфыртэкъым. И къару псори зыхилъхьэри, топышэр къищтащ, ерагъыу топыр иуэдри, нэмыцэ танкым еуащ. Матюшкиным иужькIэ джэлащ Зайцевыр. Трохиным, адэ-мыдэкIэ зригъэгъазэурэ, гъуанэу блы зиIэ хъуа танкыр япэкIэ игъакIуэрт. Къардэным, къару телъыджэ гуэрхэр къыхыхьэжауэ, топыр иуэдурэ игъауэрт.

Еянэрей топышэр къыщытехуэм, Къэбард и нэхэр щыункIыфIыкIащ, псэкIэ зыхищIащ и гур удыным зэгуиудауэ лъыр уэру зэрыщIэжыр... А напIэзыпIэм къызэхихащ Бочковскэм и танкхэри къызэрысар, фашистхэр зэрикIуэтыр...

Бийм зэуэныр щигъэтри, гъэру зыкъитащ. Къуажэдэсхэр гъуанэпщIанэ хъуа совет танкым деж щызэхуэсащ. УкIыгъэ хъуа сэлэтиплIыр къыщрахым, фызыжьхэр, сабийхэр зэщIэгъуэгащ...

Мыгувэу ди танкхэр япэкIэ кIуэтащ. Бийр икIуэтыжырт...

## Мы махуэхэм

**Мазаем и 23, *махуэку***

♦**Белоруссием, Къыргъызым, Урысейм, Таджикистаным, Осетие Ипщэм Хэкум и хъумакIуэм и махуэр щагъэлъапIэ**
♦**1942 гъэм** Къардэн Къубатий Ленин орденыр япэу къратащ.
♦**1944 гъэм** СССР-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и къэрал комитетым унафэ къищтащ Шэшэн-Ингуш Республикэр зэрыщымыIэжым теухуауэ. Абы ипкъ иткIэ я щIыналъэм ирашри Азие Курытымрэ Къэзахъстанымрэ ягъэIэпхъуауэ щытащ шэшэнрэ ингушу цIыху 493269-рэ.
♦**1954 гъэм** СССР-м унафэ щащIащ щIыщIэхэр гъавэ щыбгъэкI хъун хуэдэу вапIэхэм къыхэгъэхьэным теухуауэ.
♦Къэрал лэжьакIуэ, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и УнафэщIу, КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и секретару щыта **ШэджыхьэщIэ Мухьэмэд** къызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.
♦Композитор, УФ-м и цIыхубэ артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, КъБР-м и Гимным и макъамэр зытха **Къардэн Хьэсэн** и ныбжьыр илъэс 94-рэ ирокъу.
♦УФ-м, КъБР-м щIыхь зиIэ я егъэджакIуэ **Пащты СултIан** къызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.
♦КъБР-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI **Акъсырэ МуIэед** и ныбжьыр илъэс 86-рэ ирокъу.
♦УсакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Гъубжокъуэ Лиуан** къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу.
♦Актёр, режиссёр цIэрыIуэ щыта, СССР-м и цIыхубэ артист **Янковский Олег** къызэралъхурэ илъэс 73-рэ ирокъу.
♦Украинэм и ещанэ президент **Ющенкэ Виктор** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 5 - 8, жэщым градуси 5 - 7 щыхъунущ.

**Мазаем и 24, *мэрем***

♦**Эстонием и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ**
♦**Мексикэм и къэрал ныпым и махуэщ**
♦**1466 гъэм** дунейм щыяпэу Бельгием лотерее щагъэджэгуащ.
♦**1881 гъэм** Панамэ кIэнауэр ухуэн щIадзащ.
♦**1942 гъэм** «Америкэм и макъ» радиостанцым и япэ нэтыныр эфирым кIуащ.
♦**1973 гъэм** ди къэралым и телевиденэм япэу игъэлъэгъуащ «Нэрылъагъухэр - фIэщщыгъуейхэр» нэтыныр.
♦Флотым и адмирал, тенджыз ФIыцIэ флотыр къызэзыгъэпэщахэм ящыщ **Ушаков Фёдор** къызэралъхурэ илъэс 272-рэ ирокъу.
♦ТхакIуэ, драматург цIэрыIуэ **Иванов Всеволод** къызэралъхурэ илъэси 122-рэ ирокъу.
♦Шэрджэс тхакIуэ **Уэхъутэ Абдулыхь** къызэралъхурэ илъэси 108-рэ ирокъу.
♦Драматург, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Щхьэгъэпсо Мухьэмэд** къызэралъхурэ илъэси 102-рэ ирокъу.
♦УэрэджыIакIуэ, РСФСР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Кристалинская Майе** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.
♦Актрисэ, РСФСР-м и цIыхубэ артисткэ **Соловей Еленэ** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.
♦Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Алшагъыр Борис** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.
♦Къэрал лэжьакIуэ, хьэрычэтыщIэ, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор **Ерчэн Тембулэт** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 9 - 13, жэщым градуси 5 - 7 щыхъунущ.

**Мазаем и 25, *щэбэт***

♦**1836 гъэм** США-м щыяпэу Кольт Сэмюэл кIэрахъуэ къызэригупсысам щыхьэт техъуэ патент къратащ.
♦**1921 гъэм** Куржы ССР-р къызэрагъэпэщащ.
♦**1946 гъэм** Дзэ Плъыжьым зэреджэр Советыдзэ жиIэу зэрахъуэкIащ.
♦**1977 гъэм** Москва и мызакъуэу, Европэм щынэхъ ин дыдэу къалъытэу щыта «Россия» хьэщIэщым мафIэсышхуэ дыдэ къыщыхъуащ. Абы цIыху 43-рэ хэкIуэдауэ щытащ.
♦Актёр, СССР-м и цIыхубэ артист **Санаев Всеволод** къызэралъхурэ илъэси 105-рэ ирокъу.
♦Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБКъУ-м и япэ ректору щыта **Бэрбэч ХьэтIутIэ** къызэралъхурэ илъэси 101-рэ ирокъу.
♦Филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **КIуэкIуэ Джэмалдин** и ныбжьыр илъэс 87-рэ ирокъу.
♦Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу лэжьа, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м щIыхь зиIэ и юрист **Ажахъуэ Къанщобий** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 16, жэщым градуси 5 - 7 щыхъунущ.

**Мазаем и 26, *тхьэмахуэ***

♦**Кувейтыр хуит къыщащIыжа махуэщ**. 1991 гъэм Иракым и дзэхэр а къэралым ирахужащ.
♦**1712 гъэм** Пётр Езанэм и унафэкIэ Тулэ къыщызэIуахащ Iэщэ къыщыщIагъэкI завод. Ар Урысейм щыяпэ апхуэдэ IуэхущIапIэт.
♦**1918 гъэм** Совет Правительствэр Петроград ирахри Москва ягъэIэпхъуэ.
♦**1935 гъэм** Шотландием щыщ физик Уотсон-Уатт Роберт радар IэмэпсымэщIэм и зэфIэкIыр здынэсыр къиипщытащ. ЩIылъэми уэгуми абы «къыщиубыдыфырт» куэдкIэ пэжыжьэхэр техникэр.
♦**1936 гъэм** Германием щызэпкъралъхьащ «Фольксваген» автомобиль лIэужьыгъуэщIэр. Куэдым ягу зэрырихьым, и уасэкIи зэрыезэгъырабгъум щхьэкIэ абы «цIыхубэ автомобилкIэ» щоджэ а къэралым.
♦**1990 гъэм** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкIэ СССР-м и Президент къулыкъур ягъэуващ.
♦**1990 гъэм** советыдзэхэр Чехословакием кърашыжу щIадзащ.
♦Франджы тхакIуэ цIэрыIуэ **Гюго Виктор** къызэралъхурэ илъэс 215-рэ ирокъу.
♦Совет парт лэжьакIуэ, Ленин Владимир и щхьэгъусэу щыта **Крупская Надеждэ** къызэралъхурэ илъэси 148-рэ ирокъу.
♦Израилым и премьер-министру щыта **Шарон** (и унэцIэ дыдэр Шейнерманщ) **Ариэль** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.
♦ТхакIуэ **Щауэ Къалидар** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.
♦Актёр, РСФСР-м и цIыхубэ артист **Жариков Евгений** къызэралъхурэ илъэс 76-рэ ирокъу.
♦Адыгэ сурэтыщI, IуэрыIуатэдж, цIыхубэ IэпщIэлъапщIэ, РАХ-м и диплом зыхуагъэфэща, Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и художник **ГъукIэ Замудин** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.
♦КъБР-м и Парламентым и депутат, Афганистаным щызэуахэм я республикэ зэгухьэныгъэм и унафэщIу щыта, къэрал дамыгъэ лъапIэ зыбжанэ зыхуагъэфэща **Тхьэгъэлэдж Тимур** и ныбжьыр илъэс 52-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 2 - 4, жэщым 1 градус щыхъунущ.

**Мазаем и 27, *блыщхьэ***

♦**Мыщэ хужьым и дунейпсо махуэщ**
♦**Урысейм ЩытыкIэ хэхахэм деж къагъэсэбэп и къарухэм я махуэщ**. УФ-м и Президентым къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ 2015 гъэ лъандэрэ ягъэлъапIэ.
♦**Ингуш Республикэм и Конституцэм и махуэщ**
♦**1598 гъэм** Годунов Борис Урысей къэралыгъуэм и пащтыхьу ягъэуващ.
♦**1781 гъэм** пащтыхь гуащэ Елизаветэ ЕтIуанэм Урысейм цIыху куэд зэкIуалIэ еджапIэхэр къыщызэIухыным теухуа унафэ къыдигъэкIащ. Къэралым цIыхубэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ и IэнатIэр зэтеувэныр абдеж къыщежьауэ къалъытэ.
♦**1879 гъэм** фошыгъум нэхърэ хуэдэ 400-кIэ нэхъ IэфI ерыскъыгъуэр - сахарин зыфIащар - къыщIагъэкIащ.
♦**1900 гъэм** «Бавария Мюнхен» футбол клубыр къызэрагъэпэщащ.
♦**1943 гъэм** Матросов Александр нэмыцэхэр къызэрыукI быдапIэм зыIуидзащ икIи советыдзэхэр а щIыпIэм блэкIынымкIэ Iэмал яритащ. ЛIыхъужьыгъэ къэзыгъэлъагъуэу хэкIуэда Матросовым Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр къыфIащауэ щытащ.
♦**1945 гъэм** Мэсей Аслъэнджэрий Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр къыфIащащ.
♦**1964 гъэм** цIыхухэм псы щIагъым зэрызыщрагъэплъыхь, тенджызхэм я лъащIэр къэхутэным къыщагъэсэбэп япэ аппаратыр - мезоскафыр - Атлантикэ хым траутIыпщхьащ.
♦Урыс дзэ кхъухьлъатэзехуэ Iэзэ дыдэ **Нестеров Пётр** къызэралъхурэ илъэси 130-рэ ирокъу.
♦Инджылыз-америкэ киноактрисэ, «Оскар» саугъэтыр щэнейрэ зыхуагъэфэща **Тейлор Элизабет** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.
♦Шэрджэс сурэтыщI **Мэзукъэбз Хьэзрэт** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.
♦УэрэджыIакIуэ, УФ-мрэ КъШР-мрэ я цIыхубэ артист, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Гъуэт Хъусин** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.
♦Совет уэрэджыIакIуэ, Эстонием щIыхь зиIэ и артисткэ **Вески Анне** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.
♦Актрисэ, режиссёр, УФ-м и цIыхубэ артисткэ **Догилевэ Татьянэ** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.
♦Жылагъуэ лэжьакIуэ, ДАХ-м и вице-президент **Чачыхъу Мэжид** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.
♦Къэрал лэжьакIуэ, Адыгейм и Правительствэм и УнафэщIу щыта, иджыпсту республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ **КумпIыл Мурат** и ныбжьыр илъэс 44-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 7, жэщым градус 1 - 3 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Дзы зыфIэпщ дзы къыпфIещыж.**

## Экономикэ Политикэ Махуэку Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

● Белоруссие

# Зэныбжьэгъухэм яхузэрымыгъэгуэшыр сыт?

**Белоруссиемрэ Урысеймрэ я зэхущытыкIэхэр иужь зэманым хэпщIыкIыу зэщIэплъащ. Сыт атIэ а къэрал зэкъуэтитIым яхузэрымыгъэгуэшыр? Хэт захуэр, хэт пцIы зыупсыр?**

### Гъунапкъэхэр гъуанэпщIанэ мэхъу

ИДЖЫ щIызэфIэнар «Хамэ къэрал цIыхухэр къызэрыкIуэ, зэрыкIуэж визэншэ хабзэ гъэувыным и IуэхукIэ» Белоруссием и Президентым къыдигъэкIа указырщ. Абы ипкъ иткIэ, къэрал 80-м щыщ туристхэр визэншэу жэщитху-махуитхукIэ Белоруссием щыIэ хъунущ.

Абы и жэуапу Урысейм Брянск, Смоленск, Псков областхэм Белоруссием хуаIэ гъунапкъэм хабзэ ткIий щигъэуващ. ИпэкIэ Смоленск областым абы гъунапкъэ хуиIэххакъым.

Белоруссием ибзыщIакъым Урысейм илэжьахэм папщIэ зэрызигъэгусар: нэгъуэщI къэрал IуэхухэмкIэ министерствэм и пресс-IуэхущIапIэм и къудамэм и унафэщI Ваньшинэ Марие ахэр къилъытащ «зэращIылIа зэгурыIуэныгъэ псори къызэпызыуду».

УФ-м къэралыщIэ дыдэхэмкIэ и институтым и Iэтащхьэ, политолог Мартынов Алексей Лукашенкэ игъэува визэншэ хабзэр «щхьэфIэфIыгъэу» къилъытащ.

Ломоносов М. В. и цIэр зезыхьэ МКъУ-м украинистикэмрэ белорусистикэмкIэ и центрым и унафэщIым и къуэдзэ Беспалькэ Богдан и фIэщ мэхъу Белоруссием и щIыналъэ зэIухар террорист щIэпхъаджагъэхэр ялэжьыну зи мурад цIыхухэр УФ-м къызэрыкIуэнур: «Ахэр лъэпощхьэпоуншэу Урысейм къыщыхутэфынущ».

«ЦIыхур Минск къокIуэ, абы зыри махуитхукIэ кIэлъыплъынукъым: аращи, сыт хуэдэ транспорт лIэужьыгъуэкIи сыхьэти 6-7 нэхъ дэмыкIыу Мэзкуу къэсыфынущ икIи зыхуей псори щилэжьыфынущ. ИужькIэ егъэзэжри, кхъухьлъатэкIэ лъэныкъуэ зрегъэзыж. Сыт абы щищIар Урысейм? Ар упщIэшхуэщ. Дауи, дэ абы дытогузэвыхь», - жеIэ политолог Мартынов Алексей.

### Шэми шхуми...

Абы и жэуапу Белоруссием зегъэзахуэ: Минск визэншэ хабзэр имыгъэувынкIи хъунт, УФ-м а къэралым къыщищэху ерыскъыпхъэхэр имыгъэмэщIамэ.

Лукашенкэ ягу къигъэкIыжащ: УФ-м гъэшхэкI тонн мелуаниблым нэблагъэ къещэху, ауэ абы щыщу Белоруссием иришыр и зэхуэдитIым щIигъуркъым.

«АтIэ сыт фэ Белоруссием и ерыскъыхэкIхэр щIэвмыдэр? Дэ ахэр тщэн хуейщ, щIыдагъэмрэ газымрэ я уасэхэр ттын папщIэ», - мэгубжь Лукашенкэ.

Абы, уеблэмэ, унафэ ищIащ Россельхознадзорым и Iэтащхьэ Данкверт Сергей хуэгъэза уголовнэ Iуэху къаIэтыну: аращ Урысейм ерыскъыпхъэ яшэнымкIэ зэран хъууэ къилъытэр. Белоруссием и президентым деж щыIэ академием къэрал зэхущытыкIэхэмкIэ и кафедрэм и унафэщI Кизимэ Сергей ягу къегъэкIыж: Урысеймрэ Белоруссиемрэ зэдащI сатур псынщIэу нэхъ мащIэ мэхъу. Апхуэдэу щыщыткIэ Минск нэгъуэщI хэкIыпIэхэри къилъыхъуэн хуейщ.

«Визэншэ хабзэр ахъшэр къызэралэжьыну Iэмал къудейщ. ХоккеймкIэ дунейпсо чемпионатым и ужькIэ хьэщIэщ куэд диIэ хъуащ, ауэ абыхэм щIэсыр ирагъэблэгъэфынухэм я процент 20 - 30-рщ. Ар тэмэмкъым. Абы къыхэкIыуи, дэ туристхэр къетшэлIэну ди мурадщ», - жеIэ Кизимэ.

### ЗагъэфэрыщI къудей?

Мэзкуурэ Минскрэ нэхъапэкIэ зэщыIеяуэ щытащ дыгъэгъазэ мазэм - абы щыгъуэм Белоруссием и Президентыр къэкIуакъым ОДКБ-мрэ ЕАЭС-мрэ Санкт-Петербург щрагъэкIуэкIа зэIущIэм.

ИужькIэ Лукашенкэ Александр псоми зэхахыу жиIащ: «Ди къуэш Украинэр» мы зэманым езым и щхьэхуитыныгъэм щIобэн!». А псоми яужькIэ урысей политологхэм хуагъэфащэу щIадзащ Белоруссиер ОДКБ-м къыхэкIыжынкIэ, уеблэмэ, къэралитIыр зэкIэщIэкIынкIэ хъуну.

АрщхьэкIэ Лукашенкэ псори зэтриуIэфIащ: зыри зыщIыпIи къыхэкIыну хуейкъым. Езымрэ и ныбжьэгъу Путинымрэ тIэкIу зэщыхьа къудейщ.

Пэжщ, Мэзкууи и жьэр пхауэ щыскъым: политолог, политик куэдым жаIэ, Украинэм хуэдэу, хамэ унафэ щIэмытыну республикэм и властхэр зэрыхущIэкъур къазэрыгурыIуэр. АрщхьэкIэ ар ауэ пщIэншэу къохъулIэнукъым - УФ-м къыхуиIэ зэхущытыкIэхэр къызэпиуда иужь, Украинэм езым и экспортым щыщ Iыхьэшхуэ фIэкIуэдащ.

Белоруссием и гъэшыр УФ-м и щIыналъэм къашэу Мэзкуу имыдэжыххэ хъумэ, Минск игъуэтыну хэщIыныгъэр хуригъэкъужынукъым нэгъуэщI къэралхэм къикIыу къахуэкIуэ туристхэм къыхуахь ахъшэмкIэ. Ар Лукашенкэ фIы дыдэу къыгуроIуэ.

**СИГИДА Аделаидэ.**
*«Мир новостей»*

● Улахуэхэр

# Пэжымрэ пцIымрэ

**Властхэм щIэх-щIэхыурэ жаIэ дохутырхэм я улахуэм хэхъуэу, ауэ мыдрейхэм зэпымыуу къыщIрагъэдз ар мыпэжу. Журналистхэм мурад ящIащ Iуэхур зыIутыр зэхагъэкIыну.**

КЪЭРАЛ IуэхущIапIэхэм щылажьэ медикхэр щIэчэ имыIэу мэтхьэусыхэ я улахуэр зэрыцIыкIум къыхэкIыу. 2012 гъэм абыхэм я мыарэзыныгъэр лъэIэса иужь Президентым и накъыгъэ указхэм ящыщ зым властхэм къалэн щащищIащ 2018 гъэм ирихьэлIэу щIыналъэм и цIыхухэм ику иту къаIэрыхьэ хэхъуэм елъытауэ дохутырхэм ику ит я улахуэр хуэдитIкIэ къаIэтыну.

А къалэныр зрагъэхъулIэн папщIэ зэфIагъэкIынухэр я пщэ дальхьащ Узыншагъэр хъумэнымкIэ министерствэм. Илъэс ныкъуэ къэс абы къегъэнаIуэ Правительствэмрэ Президентымрэ яритыну бжыгъэхэр, ауэ медикхэр иджыри мэтхьэусыхэ - ахэр щызэхалъхьэкIэ къалъытэркъым дохутырхэм лэжьапIэ IэнатIэ зырэ ныкъуэрэ зэрызэдахьыр. Улахуэм нэхъыбэу зэрыхагъахъуэр лэжьакIуэхэр ягъэмащIэкIэрэщ, лэжьэнымкIэ яIэ Iэмалхэр нэхъ гугъу ящIкIэрэщ. Аращи, улахуэхэр ипэжыпIэкIэ зэрыщытауэ къонэж.

2015 гъэм кърикIуахэм щытепсэлъыхьым, Узыншагъэр хъумэнымкIэ министерствэм щыжаIащ федеральнэ, щIыналъэ, муниципальнэ медицинэ IуэхущIапIэхэм мазэм ику иту сом мин 47,87-рэ (2014 гъэм нэхърэ процентi 3,6-кIэ нэхъыбэ) къыщалэжьу. Абы щыгъуэми, Урысейм СтатистикэмкIэ и къэрал комитетым къызэрихутамкIэ, а илъэсым курыт лэжьапщIэр зэрыхъуар сом мин 30-рэ 694-рэщ. 2016 гъэм и гъатхэм «Узыншагъэ» фондыр цIыхухэм зэреупщIам къигъэлъэгъуащ зы лэжьапIэ закъуэ Iуту сом мин 40-м щIигъу зыIэрыхьэр процентi 9-р зэрыарар. Адрейхэм ялъысыр зыкъомкIэ нэхъ мащIэщ.

Урысейм СтатистикэмкIэ и къэрал комитетым къитахэм ятепщIыхьмэ, 2016 гъэм и мази 9-м урысей дохутырхэм я курыт улахуэр сом мин 48-рэ 897-рэ, медицинэ лэжьакIуэ нэхъыщIэхэм сом мин 27-рэ 661-рэ хъууэ щытащ. Нэхъ хъыбарыщIэхэр дэ диIэкъым: министерствэм къигъэнэIуакъым блэкIа илъэсым егъэщIылIа бжыгъэхэр. Ауэ езым иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм кърикIуахэр иджыблагъэ хэIущIыIу ищIащ Урысейм и жылагъуэ телевиденэм (ОТР). «Бжыгъэ пэжхэр» проектым ипкъ иткIэ, телеканалым къыIэрыхьащ езыхэм я улахуэхэр зыхуэдизым теухуауэ дохутыр мини 5-м къабгъэдэкIа хъыбархэр. УзыгъэгуфIэн щыIэкъым: медицинэ лэжьакIуэхэм ику иту я улахуэр зэрыхъур сом мин 19-щ.

Медикхэм жаIэ мазэ къэс къаIэрыхьэр зыхуэдизыр - Тулэ областым и район сымаджэщым и дохутырым - сом мини 10, Орел областым и посёлкэм щылажьэ дохутырым - сом мин 11, Дагъыстэным и ЦРБ-м и дохутыр неонатологым - сом мин 13 (илъэс 23-рэ хъуауэ мэлажьэ), Дон Iус Ростов и дэIэпыкъуэгъу псынщIэм и нейрохирургым - сом мин 13, Алтай крайм щыщ анестезиолог-реаниматологым - сом мин 21-рэ, Ивановэ категорие нэхъыщхьэ щызиIэ хирургым - сом мин 22,6-рэ (илъэс 40 хъуауэ мэлажьэ), Приморьем лэжьэн щыщIэзыдзэ фельдшерым сом мини 6, Краснодар крайм категорие нэхъыщхьэ щызиIэ фельдшер-лаборантым - сом мини 10.

Бжыгъэ ехьэжьахэр зэрызэрагъэпцI щIыкIэри къыдгурагъэIуащ ОТР-м зыхуэзыгъэзахэм. Категорие нэхъыщхьэ зиIэ красноярск дохутырым зеумысыж: «Жэщмахуэкlэрэ зэдэсхь лэжьапIэ IэнатIи 3,5-м сом мин 50-55-рэ къыпокIуэ, зы IэнатIэу щытамэ, къэзлэжьынур сом мин 16-т». Алтай крайм щыщ и лэжьэгъум щIегъуж: «Сом мин 13 къуатын папщIэ, жэщ-махуэ 12 сымаджэщым ущылэжьэн хуейщ. АрщхьэкIэ, дохутыр унафэщIхэмрэ медицинэ лэжьакIуэ нэхъыщIэхэмрэ я мазэ улахуэхэр ику иту къыщахькIэ сом мин 30-у къыщIедз».

***Iуэху еплъыкIэ.***

Лъэпкъ медицинэ палатэм и унафэщI Рошаль Леонид жеIэ: «Сэ здэркъым курыт лэжьапщIэм теухуа бжыгъэхэр. Абыхэм уагъэжакъуэ. ЦIыху мин хуэдиз зыщылажьэ IуэхущIапIэ сыкIуамэ, абы и унафэщIым соупщI курыт улахуэр зыхуэдизымкIэ. «Сом мин 50», жаIэу щызэхэсхкIэ пэшым щIэсхэр зэрызехьэу хуожьэ. ЯжызоIэ: «Фи Iэр къэфIэтыт сом мин 50 нэхъ мащIэ зыIэрыхьэхэм!» Къызэхуэсахэм я процент 80-м я Iэхэр каIэт. Улахуэшхуэ къэзыхьхэри мащIэ фIэкIа зрамытхэри зэхагъэкIын хуейщ цIыхухэр къэмыгубжьын папщIэ».

**ХАКИМОВЭ Еленэ.**
*«Мир новостей».*

● Социальнэ хьэрычэт

# Лэжьыгъэм трагъэгушхуэ

**Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым (КъБКъМУ) щекIуэкIащ «Социальнэ хьэрычэт лэжьыгъэр хьэрычэт мащIэм зэрызиужьын Iэмалщ: ар зищIысыр, и лIэужьыгъуэхэр, къэралыр къызэрыдэIэпыкъур» жыхуиIэ семинарыр.**

ДИ ЩIЫНАЛЪЭМ и закъуэ мыхъуу, Урысейми социальнэ хьэрычэт лэжьыгъэм щаIэ мыхьэнэм и гугъу ищIу къэпсэлъащ «КъБР-м и цIыхубэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнымкIэ инновацэхэм я IуэхущIапIэм» и унафэщI Гуппоев Тимур.

Абы къызэрыхигъэщамкIэ, социальнэ хьэрычэт лэжьыгъэр зыхуэунэтIар зи щхьэ къыщхьэжымыжыф, хуэмыщIауэ псэу цIыхухэм защIэгъэкъуэнырщ, абыхэм заужьын хуэдэу. Апхуэдэу зэпкърахащ социальнэ хьэрычэтыр псом хуэмыдэу мэкъумэш лэжьыгъэмкIэ зэрысэбэпыр.

- Социальнэ хьэрычэтым мэкъумэш IэнатIэм хуабжьу зыщиужьыфынущ, къуажэм лэжьыгъэшхуэ дэлъщи. А лэжьыгъэм пэлъэщынур цIыху жыджэрхэрщ, социальнэ хьэрычэтыр зэтезыублэфынухэрщ. ЛэжьапIэншэ куэдым IэнатIэ ягъуэтынут, ди республикэм абы зыщиужьамэ. Псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, абы и мыхьэнэр республикэм и унафэщIхэми къагуроIуэ, икIи мы Iуэхум хуэщхьэпэну хьэзырщ, - жиIащ Гуппоевым.

ЗэIущIэм и кIэм IуэхущIапIэм и унафэщIым КъБР-м и щIалэгъуалэм захуигъэазэу жиIащ ягурэ я щхьэрэ зэтелъу я гъуэгур хашыным, хьэрычэт лэжьыгъэхэм зратыным къызэрыхуриджэр.

**БЭРБЭЧ Албэч,**
*КъБКъМУ-м и пресс-IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ.*

● Украинэ

# Майданым и уасэр

**Майданым псом япэу зыхуишар къэралыр лъэлъэжынырщ. Ар къару къыщагъэсэбэпа зэпэщIэувэныгъэщ икIи абы и зэранкIэ цIыху минипщIхэр укIыгъэ, уIэгъэ хъуащ, псэупIэ унэхэр, гъуэгухэр, школхэр зэхакъутащ. ХэщIыныгъэ хьэлъэ дыдэ игъуэтащ экономикэми.**

ИЛЪЭСИЩЫМ тещIыхьауэ долларкIэ къапщтэмэ, ВВП-р хуэди 2,5-кIэ ехуэхащ. Украинэм нэгъуэщI къэралхэм иригъашэр хуэди 3-кIэ, къришыр хуэдэм 2,5-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ. ЦIыхухэм яIэрыхьэ хэхъуэхэри хуэди 2,5-кIэ ехуэхащ. Иужь илъэсищым лIэхэм я бжыгъэкIэ Украинэм япэ увыпIэр иубыдащ. Ар дунейм щынэхъ къулейсыз къэралхэм яхыхьащ, Европэм щынэхъ къулейсыз дыдэщ. Евросоюзым ассоциацэ зэхущытыкIэхэр хуаIэным теухуа зэгурыIуэныгъэм Iэ тридзэри, ар хэкIыпIэншэ гъуэгум теуващ - мы Iуэхум зы ефIэкIыныгъэ гуэри къыхуихьакъым.

Хуабжьу уегугъун хуейщ илъэси 3-м къриубыдэу къэралыр бгъэлъэлъэфын папщIэ. Дэ ди зэманми коррупцэ щыIамэ, иджы къэралыр зэхадыгъуапэ. ЦIыхубэ депутат Онищенкэ сэтей къищIахэм фыкъеджэ: абы бжыгъэшхуэ дыдэхэр къехь. Властыр зыIэщIэлъхэр апхуэдизу напэншэ хъуащи, уеблэмэ, уи щхьэм къыпхуигъэтIасэркъым.

ЦIыхубэм зыкъащIэжыным ущыгугъ хъунукъым. Ар уэрамхэм къыщыдыхьэр зэкъуэзыгъэувэ политикэ къару щыщыIэхэм и дежщ. Украинэм иджыпсту щызекIуэр залымыгъэм и нацист хабзэщ. Ар зыхущIэкъур цIыхухэр мыгупсысэжыф ищIынырщ.

Майдан нэужьым Украинэр ЕС-м зыкIи гъунэгъу хуэхъуакъым, абы и пIэкIэ африкан къэрал гуэрым хуэдэ хъуащ.

Дауи, ар апхуэдэу игъащIэкIи щытынукъым. Псори мы зэманым зэлъытар къэрал щIыб Iуэхухэрщ. «Уэ, щIалэ, зы кIэпIейкIи уэстынукъым, мылъкур зэрызэхэбдыгъуэм, узэрынапэншэм, узэрыбзаджэнаджэм къыхэкIыу!» - жиIэрэ, Трамп Порошенкэ зыкъыхуигъазэмэ, абдежым псори щызэфIэкIынут, властри текIуэтын хуей хъунут.

**АЗАРОВ Николай,**
*Украинэм и премьер-министру щыта. «Аргументы и факты».*



**Швейцарием и бгылъэ щIыпIэхэм щыIэщ унеи автотранспортыр зекIуэну хуит щамыщI къуажэ, къалэ цIыкIухэр. Автомобиль зиIэ хъунур хьэщIэщхэрщ, IуэхутхьэбзэщIапIэхэрщ, абы щыгъуэми транспортыр зэрылэжьэн хуейр электрокъарущ. Абыхэм ящыщщ Италием и гъунапкъэм пэгъунэгъу Церматт курортыр. Мыбы лъакъуэрыгъажэкIэ е шыгукIэ фIэкIа удыхьэ хъунукъым.**

*ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар* **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

# Зауэ лыгъэ къэвмыгъэхъу афIэкI

**ЩОДЖЭНЦIЫКIУ Алий**

## Шагъдий гъэшхахэм техутэ

Совет хэку хуитым и бынхэу
ГъащIэм и дахэм еса,
Насып зэхэлъыр зыухуэу
Зи гъащIэр лъапIэу лъыта!
Щхьэхуитыныгъэр уи бийхэм
ГущIэгъу къыпхуащIу къуатакъым,
Лъыр иумыкIуту цIыхугъэм
И гъуэгур нобэ бгъуэтакъым.
БлэкIа зауэшхуэхэм уи лIыгъэр
ЩIыгум и цIыхум ящIэж -
Ди губгъуэ дахэхэр дэпагэу
ТекIуэ уэрэдхэр жаIэж.
Бийм ущытекIуэу есауэ
ЛIыгъэр къыщалъхур уи хэкущ,
Наполеонхэу щыкIахэр
Зыгъэпудахэр уи фочщ.
НаIуэщ уи тхыдэр си хэкум, -
Бийр къозэгъыфыркъым уэ иным,
Фашист нэпсейхэм я лъапсэр
Щыкъутэжынущ уи дежым.
Дэращ лъыгъажэм текIуэнур,
Дэращ зи дыгъэр бзий хущхъуэр,
Дэращ бэлыхьыр зыгъэсу
Насыпым цIыхур хуэзышэр.
Еуэ, хэку лъэщым и щIалэ,
Адэжь и щIапIэр гъэпагэ,
И гъуэм ихуэжыркъым блэ бзаджэр,
Мес, ди щIы кIапэм къытопщхьэ!
Уи лъакъуэ лъэщыр тегъэуви
Езым и хэкум щылIыж,
Лъыр зыщIифауэ ди къуэшхэм
Хуиту цIыху гъащIэр ятыж.
ЗэгъащIэ фIыуэ, си хэкум,
Къуита уи гуащIэр хуитыгъэм
УкIкIэ щыкIахэу фашистхэм
Уэрщ и кIуэдыпIэр я лъапсэм.
ДаIуэт, уафэпшэр зезыхуэр
Уи хьэуа кхъухьхэу къаргъейхэрщ,
ДаIуэт, ди щIыгур щIэзджызджыр
Уи танк лъэщхэу ежьахэрщ.
Еплъыт, тенджызхэр щIэукхъуэр
Уи линкор инхэм я гуащIэрщ,
Къуажэ, щыхьэрхэр щIэхъуахъуэр
Уэ уи жыр топхэм я макъхэрщ.
Еуэ, шагъдийхэу гъэшхахэм
Къэбэрдей щIалэр техутэ,
ПцIащхъуэр щIэмыхьэу щIэгъапхъуи,
Лъэпщ джатэр нобэ гъэхахуэ!
Ди хэку къыхэкIа шухэр
ЛIыгъэ зехьэпIэ дихуащ,
Феуэ фашистхэу лъыгъажэм,
Ди хэкум ахэр къепхъуащ.
Тхъумэнщ ди бынхэр, анэжьхэр,
Тхъумэнщ адэжьхэм я лъапсэр,
Фашист лъэбжьанэм фIэтхынщи,
Хуит къэтщIыжынщ ди къуэшхэр.

*1941 гъэ.*

**ДЖЭДГЪЭФ Борис**

## ГъащIэ гъыбзэ

*(Балладэ)*

Зауэшхуэм лъандэ
си зы къуэш
Ди нанэ поплъэ,
поплъэ, емызэш.
Уэ пщIэрэ, жьыбгъэ,
пщIэрэ зэрыхъуар?
Къызжеlэ жьыбгъэм:
«СщIэркъым и хъыбар,
Абы и адэщ
хамэщI щыщIалъхьар,
Аращ пшыналъэр лъэпкъым
щиусар».
Зауэшхуэм лъандэ
ди зы къуэш
Щхьэгъусэ ежьэм
гуауэр дыдогуэш.
Уэ пщIэрэ, уафэ, пщIэрэ
КъыщыщIар?
Къызжеlэ уафэм:
«Армыра слъэгъуар,
ЖыхуэпIэм и шыпхъу закъуэр
яукIащ,
Сэ и фэеплъу вагъуэ пызгъэнащ».
Зауэшхуэм лъандэ
си зы къуэш
Лъапсэжьыр йоджэ,
унэр ныхуозэш.
СоупщIыр щIылъэм
ищIэм и хъыбар.
Арщхьэкlэ щIэлъкъым
мы щIы бгъафэм ар.
Ауэ и анэщ хэкум,
хэкум игъеяр,
Къуэ закъуэрщ анэ тхъуар
зытекIуэдар.
Зауэшхуэм лъандэ
мы зы къуэш,
Уэ ди Тхьэу Тхьэшхуэ,
тфIэкIуэдар.
Мы гъащIэр пцIыкIэ
зэхэт пэж?
Уи щыблэм IэщIэкIынум
удэфар,
Трехуэ дуней иным
и нэлат,
ГуIэгъуэ зимыIа
дэ къытхэмыт.



**БАХЪУЭ БетIал**

## Сэлэт мыцIыхум

Си щыпэлъагъущ сэ мы сыныр,
Зэи сыкъэкIуакъым мыбдеж,
Мы мывэджейри зи блыныр
ЗауэлIщ, куэд щIауи мэжей.

ЦIыхухэ,
Дакъикъэ закъуэ!..
Щэхуу,
Хуэму фыбакъуэ!
Фи гум
ФытеIэбэжыт -
Ди къуэр
Псэущ, къытподжэжыр!

ЦIэи унэцIи щыслъагъукъым
Сын нэкIум, нэкIэ къызощ,
Уэ анэ псоми уракъуэщ,
Сэ си унэцIэр пфIызощ.

СыщIэупщIэнкъым уи лIакъуи,
Уи псэр сэращи щIэптар,
Къуэшуи уэ уиIэр си закъуэ,
Дапщэми гъащIэ епта?

Цеищхъуэ закъуэр джэбыну
ЩIыпцIэм ухэлъми, упщтырщ,
МыупщIыIужу пхуэблэну
Пхъума щIыгу гъагъэр уи плъырщ.

**КЪАГЪЫРМЭС Борис**

## УкъэкIуэжа пэж дыдэу?

КъикIыжу зауэ иухам
Сэлэтыр пщIантIэм щыдыхьэжым,
Къилъагъущ и фызми, къэмэхат:
Къатхат письмо ар щымыIэжу.

ТIэкIу докIри, фызым зыкъещIэж.
ЙоупщI: «УкъэкIуэжа пэж дыдэу?»
Сэлэтым унэм ар щIехьэж:
«СыкъэкIуэжащ, къызэплъыт быдэу».

ЩыхьэкIуэ тхылъыр стIолым телъщ.
Абы къеджауэ лIыр мэщатэ.
«Зэрыхъум Iуэхур,- жеIэ, - еплъ...
Къезыгъэтхар мыр ди комбатырщ».
Сэ саукIауэ и гугъат...
Сагъэхъужащ...»
«Узгъеижат, -
ЖиIащ и фызым. - Ауэ сщIэрт
Узэрыпсэур - пщыгугъырт псэр».

Хъуащ зауэ ябгэр я щIыбагъ.
А тIур мэгуфIэ, зэми магъ.

*1994 гъэ.*

**МАХУЭЛI Нарзан**

## Лъэпкъ лIыхъужьхэр

ЛIыхъужьхэр зэи схуэгъеижынкъым.
Гум щIыхьэу зы уэрэд яхуэзусынщ.
Си макъыр, дауи, хьэршым
нэсыфынкъым,
ИтIани, ахэм сэ сызэхахынщ.

Псэуху ди лъэпкъыр ахэр
кIуэдыжынкъым -
ЩыIэхукIэ уафэр, вагъуэхэр лыдынщ.
Я кхъащхьэр слъагъуми, сэ си фIэщ
ящIынкъым -
Къыщыс я пIалъэр... псэ
къахыхьэжынщ.

Уахътыншэщ ахэр, хуэдэу ди цIыху
гугъэм,
ЩIехыжхэри дунейм, адыгэ лIыгъэм
Ди тхьэшхуэр къыхуэныкъуэщи аращ.

ЩIым ахэр текIкъым
къамыгъэзэжыну -
Зы пIалъэ гуэркIэ, лейр ямыгъэгъуну,
Ахърэт щIыналъэм зекIуэ кIуахэу арщ.

**ТУТ Михаил**

## Уи дыщэ вагъуэр мэлыд

*Совет Союзым и ЛIыхъужь Хьэбэч Умар илъэс 80 щрикъуа махуэм*

Хьэбэч Умару лIы щыпкъэ,
Ущалъхуа махуэр доIэт,
Къызэхуэсауэ ди лъэпкъыр
ХьэщIи ныбжьыщIи зэхэтщ.
Хэку зауэ ину мафIэсым
КъикIуэт зымыщIэу хэта,
ЛIыгъэр щыхуэкIуэм нэмысым
Псэм емыплъыжу зыта!
ЛIыхъужь Мурату Къардэныр
Уэрт зауэлIышхуэ зыщIар,
Венэ къалэшхуэр къыщащтэм,
Уи псэт дэр папщIэ хэплъхьар.
Ди Къущхьэхъупсу къежэхххэр
Адыгэ щIалэм пхуоусэр,
Ди къуалэбзууэ лъэтэжхэм
Уи цIэр къэралхэм нахьэсхэр,
ДощIэр, мэгуфIэр уэ уи псэр,
КъетIысэхауэ уафэгум,
Уи Дыщэ Вагъуэр мэлыдыр,
Ущыгъупщэнкъым ди хэкум!

**ИУАН Бубэ**

## Зауэ

Къалэжь ухуахэр мэщахэ,
Жыг дахэкIейхэр мэджалэ.
Лагъымыр щыуэу уи лъахэ,
ГъащIэ ункIыфIыр мэджалъэ.

Щхьэщыту зауэм и лыгъэр,
ЩIылъэ джэрэзыр чэф хьэнэу,
Йофэ лъы уэрым, плъыжьыгъэр
Удз пащIэ кIырхэм къыхэнэу.

**ТХЬЭГЪЭЗИТ Зубер**

## МафIэ мыужьых

МафIэ мыужьых,
МафIэ мыужьых,
ЖаIэ лIахэм псори я зэхуэдэу,
Ауэ дыноплъыху,
Ауэ дыноплъыху
Ди лIыхъужьхэм я макъ зэхыдохыр:

«Дэ къытхуэкIуэ псоми
лъагъунлъагъу,
Дэ дымылъэгъуахэр фрелъагъу.
Дэ тхулъэмыкIахэр зылъэвгъэкI,
Зауэ лыгъэ къэвмыгъэхъу афIэкI.
Ди щIыналъэр къэвгъэщIэрэщIэж,
Дэ дымыгъэщIахэр - къэвгъэщIэж».

ТекIуэныгъэ ин,
ТекIуэныгъэ ин,
Зауэ гъуэгум тету ахэр хуэплъэт.
Я псэм пащIыр зыт,
Я псэм пащIыр зыт:
Ди сэлэтхэм я гур Хэкум хуэблэт.

МафIэ мыужьых,
МафIэ мыужьых,
Уэ къыпхуэкIуэм нэпсыр
къыфIыщIохур.
ЩIыр щытыхукIэ блэ,
ЩIыр щытыхукIэ блэ, -
Хэку лIыхъужьхэр ди гум иумыгъэхуу.

Пхуэдэ абы фIэкI,
Пхуэдэ абы фIэкI
ТфIэфIщ дэ щIылъэм
щызэщIамыгъанэм,
Мамырыгъэм дэ,
Мамырыгъэм дэ
Гурэ псэкIэ арщ дыщIыхуэбанэр.

### Сэлэт уэрэд

Ди щIалэгъуэу Iэщэ къыдатауэ
Ди щIыр гурэ псэкIэ догъэпэж, -
Щытхъумэнщ Хэку-анэр бий етахэм:
Къэдгъэхъункъым зауэ, сэ си къуэш.

Анэу щIылъэм тетым дэрщ я плъапIэр,
Дэ къытпэплъэу ахэр емызэш.
Мамырыгъэ гъащIэрщ я хъуэпсапIэр:
Къэдгъэхъункъым зауэ, сэ си къуэш!

Ди хъыджэбзхэм я гум дыщагъафIэу
Я гухэлъ уэрэдыр дэ тхуагъэш, -
Ягъэужьыхкъым лъагъуныгъэ
мафIэр:
Къэдгъэхъункъым зауэ, сэ си къуэш!

**КIУАЩ БетIал**

## ТекIуэныгъэ

Гъэбырыб уи ныпхэр
Махуэм и нэхъыфI,
ЩIэзылъхьам бий гупхэр -
Дыгъэ мыункIыфI!
Дыгъэм пшэр пхисыкIыу
ЩIыр зыгъэнэхуауэ,
Укъепсащ, гущыкI
Зауэр щIым тепхуауэ.
Сыт хуэдиз гуфIэгъуэ
ЦIыхухэм къахуэпхьа,
Сыт хуэдиз гуIэгъуэ
Уэ хьэдрыхэ пхьа?!
Сыт хуэдиз бынунэм
Адэр хэпшэжа!
Сыт хуэдиз лэгъунэм
Щауэ ипшэжа!
Зи щхьэр хэзылъхьахэр
Тхэткъым зигу къэмыкI,
Анэм къапыхьахэр
Махуэ дигу имыкI.
Пщащэу лъагъуныгъэ
Дапщэм ептыжа!
Дэ ди текIуэныгъэ,
Бэр дэзыхыжа.
Уэркъэ дуней иныр
МафIэм хэзыхар!
Полякыр, румыныр
ЛIэрт - хуэгумэхар.
Фучик и лъэпкъ дахэр
Ем къезыгъэлар,
Петэн ища лъахэр
Хуит къэзыщIыжар!
Уэркъэ, ТекIуэныгъэ,
Гитлер кхъэ ищIа
Къэралым лъэкIыныгъэ
Псэуну хуэзыщIар.
Уэрщ а псор зи фIыгъэр,
Дуней хейр къохъуэхъу,
Уардэу ТекIуэныгъэ,
Сигуми жеIэр хъуэхъу!

*9.05.1945 гъэ.*



**● Футбол**

# Я ерыщагъыр пщIэншэ хъуакъым

**«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Шинник» (Ярославль) - 4:3 (3:1). Ларнакэ (Кипр). «Аммохостос» стадион. Мазаем и 20-м. ЦIыхуи 150-рэ еплъащ.**

**Судьяхэр** Васильев (Ижевск), Каруненкэ, Степанищев (тIури Воронеж щыщщ).

«**Спартак-Налшык**»: Антипов, Мэкъуауэ, Дашаев, Мурачёв, Кузнецов, Соблыр, Крамаренкэ (Войнов, 64), Дроздов (Багъэтыр, 64), Мухьэммэд, Чхапелие (Каракаев, 64), Ахъядов (Бойчук, 64).

«**Шинник**»: Лантратов, Гоцук, Чистяков, Евсеев, Царикаев, Мугинов (Белов, 68), Земсков (Айрапетян, 68), Султонов (Лаук, 77), Нетфуллин, Сиротов (Ослонский, 77), Низамутдинов.

**Топхэр дагъэкIащ**: Ахъядовым, 15 (1:0). Нетфуллиным, 28 (1:1). Чхапелие, 39 (2:1). Чхапелие, 45 (3:1). Низамутдиновым, 60 (3:2). Низамутдиновым, 72 - пенальтикIэ (3:3). Каркаевым, 84 (4:3).

**Дагъуэ къыхуащIащ**: Соблырым, Гоцук, Мэкъуауэм.

Футбол Лъэпкъ Лигэм и кубокыр къэхьыным теухуауэ Кипрым щекIуэкI зэхьэзэхуэм «Спартак-Налшыкым» зыщиужь зэпытщ. Феплъыт: япэ джэгугъуэм топитI къыщыхудагъэкIри, къытекIуащ, етIуанэми щыфIахьащ, ауэ я гъуэр къызэрыхагъэщIар зэщ. Мы тIуми ди футболистхэм я хьэрхуэрэгъухэм зэи я жагъуэ щащIыфакъым. Ещанэ зэIущIэм налшыкдэсхэр щытекIуащ, ауэ ар къахуэзыхьа топ закъуэр я хьэрхуэрэгъухэм езыхэм зыхудагъэкIыжащ. АдэкIэ гуп зэпеуэхэр иухри, нэхъапэм яIыгъа увыпIэхэм елъытауэ командэхэр зэпэщIэуващ. «Спартак-Налшыкым» нықъуэкъуэгъу къыхуэхъуа Ярославль и «Шинник»-р япэ дивизионым щынэхъыфIхэм ящыщ зыщ икIи, пэжыр жыпIэмэ, гугъэ лейхэр абы худиIэтэкъым.

Арщхьэкlэ Iуэхум зэрыхуэдмыгъэфэщауэ зыкъызэридзэкIащ. ЗэIущIэм и япэ дакъикъэхэм щегъэжьауэ лъэныкъуэхэм джэгукIэ зэIуха къагъэлъэгъуащ. Ар командэхэм я къару псори ебгъэрыкIуэныгъэм щыхухахырщ, я гъуэр зэрахъумэжыныр иужь кърагъанэу.

Джэгум и япэ Iыхьэм налшыкдэсхэм я насып нэхъ къыщикIащ. ЗэIущIищ хъуауэ зэкIэлъхьэужьу топ дэзымыгъэкIыф ди гъуащхьауэхэр къыпхуэмыцIыхужынт. Дакъикъэ пщыкIутху дэкIауэ арат Ахъядов Апти бжыгъэр къызэIуихыу «Спартак-Налшыкыр» япэ щригъэщам.

Ди щIалэхэм я ебгъэрыкIуэныгъэхэр нэхъ кIащхъэ ямыщIпэтми, щIэщхъу къащыщIащ. Нетфуллиныр жыжьэу щыту къызэуа топым ди гъуащхьэтетыр хуэмыхьэзыру къыщIэкIащ - 1:1.

Арщхьэкlэ «Спартак-Налшыкым» и лъэр щIэхуакъым. Псом хуэмыдэу убыдыгъуейт Чхапелие Никэ. ЗэIущIэм и япэ Iыхьэр имыух щIыкIэ абы топ дахитI дигъэкIри, ди щIалэхэр 3:1-уэ аргуэру япэ иригъэщыжащ. Къыпщыхъунут иджы текIуэныгъэр налшыкдэсхэм яIэщIэмыкIыну. Ауэ дэнэт?!

Сыхьэтым нэблагъэкIэ тепщэныгъэр зыIэщIэлъа «Спартак-Налшыкым» дакъикъэ пщыкIутIым ар зыIэщIигъэкIащ. Шэч хэлъкъым абы щыджэгухэм текIуэныгъэр я Iэрылъхьэу къызэралъытам икIи зэрыбэлэрыгъам. Зэгуэрым ди командэм хэта Низамутдинов Елдар 60-нэ, 72-нэ дакъикъэхэм бжыгъэр зэхуэдэ ищIыжащ. ГущIыхьэращ, къыхудагъэкIа ещанэ топыр зи лэжьэжыр ди гъуащхьэхъумэхэращ: я гъуэм пэмыжыжьэу абыхэм ящыщ зыр IэкIэ топым еIусэри, пенальти кърагъэуащ.

Иджы псори щIэрыщIэу къыщIэдзэжын хуейт. Абы ди щIалэхэм я гур ирихакъым. Нэхъапэми хуэдэу, ахэр ерыщу ебгъэрыкIуэрт икIи я ерыщагъыр пщIэншэ хъуакъым. Джэгур иухыным къэнэжа щымыIэу Каркаев Алим «Спартак-Налшыкым» текIуэныгъэр къыхуихьащ.

АдэкIэ ди щIалэхэр ебгъуанэ увыпIэм щIэбэнынущ. Абы ипкъ иткIэ, мазаем и 23-м ахэр «СКА-Хабаровск» командэм дэджэгунущ.

**ЖЫЛАСЭ Заурбэч.**

*Сурэтым:* **Чхапелие Никэ (№94) йобгъэрыкIуэ.**

**● Май щIыналъэ**

# Махуэшхуэр ягъэлъапIэу

**Хэкум и хъумакIуэм и махуэр Май щIыналъэм ехьэжьауэ щагъэлъэпIащ.**

МАЗАЕМ и 21-м Октябрьскэ жылагъуэм щекIуэкIащ «Две роты» зыфIаща пшыхь. Абы щхьэкIэ ягъэхьэзыра концертым Хэкум и хъумакIуэхэм я къалэн гугъум теухуа литературэ теплъэгъуэхэр щагъэлъэгъуащ.

Мазаем и 22-м чэзур зылъыса Котляревскэм и музейм хэкум, лъахэм, Хэкупсэ гъэсэныгъэм теухуа гъэлъэгъуэныгъэ щекIуэкIащ курт школхэм щеджэхэм я къарукIэ къызэрагъэпэщауэ. «Хэкум и хъумакIуэхэр» зыфIаща концерт ирагъэплъащ Александровскэм щыпсэухэр. Абы ирагъэблэгъащ дзэ къулыкъур щытхъу пылъу къезыхьэлIа къуажэдэсхэмрэ ар къызыпэщылъ щIалэгъуалэмрэ.

Май къалэм Щэнхабзэмкlэ и унэм мы махуэхэм щагъэлъагъуэ щIыналъэр зэрыгушхуэ IэпщIэлъапщIэхэм я IэдакъэщIэкI нэхъыфIхэр. Апхуэдэ хьэпшыпхэм-рэ лъэпкъ шхыныгъуэхэмрэ куэду щыIащ къалэ жармыкIэми.

**ЖАНХЪУЭТ Зузэ.**

Сирием къикIыжауэ хэкужьым щыпсэу **Соснакъ зэкъуэшхэу Мухьэмэдрэ Бэссамрэ** дахуогузавэ, абыхэм я шынэхъыжь, Абхъазым къэIэпхъуэжауэ щыта **Соснакъ Ашраф** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

**Къэбэрдей Адыгэ Хасэ,**
**Дунейпсо Адыгэ Хасэ.**

**Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур мазаем и 28-рщ.**


Редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр
ХьэфIыцIэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.



Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта IуэхугъуэхэмI я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **ДыщэкI Соня,** *редактору* **Хьэжыкъарэ Алик,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(3, 5, 6-нэ нап.),* **ПхытIыкI Азэмэт** *(1, 2, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэщ.**
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 3.673 ● Заказ №221